

## Chapit DWD 301

### TRAVAY POU IMIGRAN YO

DWD 301.01	Aspè.
DWD 301.015	Definisyon.
DWD 301.02	Done.
DWD 301.03	Fòmillé.
DWD 301.04	Privasite moun ki pote plent lan.
DWD 301.05	Antreprenè mendèv imigran yo.
DWD 301.06	Kontra travay ak enfòmasyon alekri.

DWD 301.07	Kan travay pou imigran yo.
DWD 301.075	Prevansyon ak kontwòl maladi ak doulè.
DWD 301.08	Salè.
DWD 301.09	Princip sou sanitasyon nan jaden yo.
DWD 301.13	Tarif sanksyon pou enfraçsion.
DWD 301.135	Odyans.
DWD 301.14	Afichaj dwa travayè imigran yo.

**Remak:** Yo te anile chapit Ind 49, Kan Travay pou Imigran yo menm jan l te egziste nan dat ki te 30 Avril 1978 la epi yo te kreye yon nouvo chapit Ind 201, Travay pou Imigran yo apati 1ye Me 1978. Yo revize Chapit Ind 201 an pou l vin touen Chapit ILHR 301 apati 1ye Mas 1993. Chapit ILHR 301, ki te egziste nan dat 31 desanm 1997 la, te vin touen Chapit DWD 301 an apati 1ye Janvye 1998.

**DWD 301.01 Aspè.** Yo te etabli chapit sa a annamoni ak Lwa seksyon 103.90 ak 103.97 yo, nan objektif pou yo ranfose epi aplike seksyon sa yo.

**Dosye:** Cr. Rejis, Nimewo 268 Avril 1978 la te anvige apati 1-5-78; Rejis Ind 201.01 an modifie nan mwa Fevriye 1993, te anvige apati 1-3-93.

**DWD 301.015 Definisyon.** Nan kad chapit sa a epi dapre jan sa aplike nan Lwa seksyon 103.90 jiska 103.97 yo:

**Remak:** Pou kondisyon ke yo pa itilize nan chapit sa a, seksyon sa a gen ladan nòt ki idantife Lwa yo kote yo itilize kondisyon yo.

(1) Yo bay siyifikasyon “pwogui agrikòl oswa otikòl” yo nan 29 CFR 780.112.

(2) “To salè ki aplikab la” siyifi pousantaj aktyèl yo prevwa peye yon travayè ak tout lòt salè yo, jan sa endike nan seksyon 109.01 (3), Estatistik yo, ke yo dwe peye travayè a.

(3) “Operatè kan an” siyifi yon moun k ap jere kan travay pou imigran yo.

(4) “Enstalasyon pou tout moun sèvi a” siyifi yon estrikiti oswa yon zòn ki diferan ak lojman oswa ak kote pou moun dòmi, ke yo fè pou moun ki pa fè pati menm manm fanmi yo.

(5) “Kanm pou tout moun sèvi a, enstalasyon douch, oswa enstalasyon twalèt la” siyifi yon kanm, enstalasyon twalèt, oswa enstalasyon douch ke yo fè pou moun ki pa fè pati menm manm fanmi yo sèvi.

(6) “Maladi kontajye” siyifi yon maladi ke yo endike nan chapit DHS 145, Apendis A.

(7) “Ministè” siyifi sèvis devlopman mendèv.

(8) “Patwon” gen siyifikasyon yo bay nan Lwa, seksyon 103.90 (2) yo.

(9) “Pwòp operasyon patwon aan” siyifi tout fèm oswa lòt antrepriz komèsyal ke patwon an posede oswa jere.

**Remak:** Yo itilize tèm ki anwo a nan definisyon “antreprenè mendèv imigran yo” nan Lwa seksyon 103.90 (4) yo.

(10) “Anplwa yo” siyifi aksyon pou gen direksyon ak kontwòl travayè, responsab salè yon travayè, oswa pèmèt yon travayè fè travay pou mèt travay la.

(11) “Frè oswa lòt faktè” siyifi lajan oswa tout bagay ki gen valè oswa avantaj ke yo peye oswa yo pwomèt y ap peye pou sèvis yo antanke yon antreprenè mendèv imigran.

**Remak:** Yo itilize tèm ki anwo a nan definisyon “antreprenè mendèv imigran yo” nan Lwa seksyon 103.90 (4) yo.

(12) “Cham pou abite” gen siyifikasyon yo bay nan seksyon SPS 320.07 (37).

(13) “Travay alamen” siyifi travay ki fèt ak men oswa ak zouti yo kenbe ak men nan jaden an.

(14) “Sekte pou lave men” siyifi yon enstalasyon ki gen dlo k ap koule pou moun lave men yo, ponyèt yo, figi yo, ak tèt yo, ansanm lavabo, basen, ak kote pou lave asyèt, kit se pou pwòpte kit se pou rezon sekirite.

(15) “Fanmi pwòch” siyifi kelkeswa youn nan bagay sa yo:

(a) Yon koup mari oswa madanm.

(b) Pitit natirèl, adopte oswa adoptif; bélfi/bofi; ak rekonsans legal yo.

(c) Paran natirèl, adopte oswa adoptif; bèlmè/bopè; ak responsab legal yo.

(d) Frè, sè, ak demi frè ak demi sè.

(e) Gran paran.

**Remak:** Yo itilize tèm ki anwo a nan definisyon “antreprenè mendèv imigran yo” nan Lwa seksyon 103.90 (4) yo, ak nan sekyon DWD 301.07 (23) (b).

(16) “Kan travay imigran yo” gen siyifikasyon yo bay nan Lwa seksyon 103.90 (3).

(17) “Antreprenè mendèv imigran yo” gen siyifikasyon yo bay nan Lwa seksyon 103.90 (4) yo.

(18) “Travayè imigran yo” oswa “travayè” gen siyifikasyon yo bay nan Lwa seksyon 103.90 (5) yo.

(19) “Okipan” siyifi tout moun k ap viv nan yon kan travay imigran.

(20) “Anboche oswa “rekritman” siyifi ofri, oswa of, anplwa yo yo fè yon travayè imigran kit se pa mwayen yon kontak pèsònèl, telefòn, korespondans, oswa yon avi rapèl akòz yon kontra sendika.

(21) “Anplwa yoye regilye a” siyifi yon moun ke yon patwon anplwa yoye pandan tout ane a epi ki angaje nan aktivite antanke yon antreprenè mendèv imigran sèlman pou patwon an.

**Remak:** Yo itilize tèm ki anwo a nan definisyon “antreprenè mendèv imigran yo” nan Lwa seksyon 103.90 (4) yo.

(22) “Bilding sèvis yo” siyifi enstalasyon tout moun sèvi pou twalèt, lavabo, douch, ak sektè lesiv yo.

(23) “Sijè ak kondisyon travay yo” gen ladann asiyasyon travay, revokasyon, egzeyat, ranpli pòs vid, transfè, of travay, ansyènt, èdtan, pwogram travay, peman lè siplemantè, konje absans, avantaj, asirans, pansyon, vakans, konje jou ferye, konje malady, ak kondisyon jeneral travay yo.

(24) “Enstalasyon twalèt” siyifi yon etablisman yo bay pou moun fè poupou oswa fè pipi, oswa toude bagay sa yo, yo gen ladan yo klozèt dlo ak twalèt byologik oswa chimik, ak pipi.

(25) “Kòd bilding komèsyal Wisconsin nan” siyifi chapit SPS 361 jiska 366.

(26) “Jou travay” siyifi tout jou eksepte Samdi, Dimanch, ak jou ferye ke yo deziyen nan Lwa seksyon 230.35 (4) (a) yo.

**Dosye:** CR 23-030: cr. (tit), (entwodiksyon), (1), (2), modifikasiyon. (3), (4) nan DWD 301.07 (5) (a), (b) epi, dapre nouvo nimewo a, am. (4), cr. (5) a (8), modifikasiyon. (9), (10), (11) nan DWD 301.05 (6), DWD 301.06 (2), ak DWD 301.05 (4) ak am., cr. (12), modifikasiyon. (13), (14) nan DWD 301.09 (6) (a), (b) ak am., cr. (15) a (18), modifikasiyon. (19), (20), (21), (22), (23), (24) nan DWD 301.07 (5) (c), DWD 301.06 (2m), DWD 301.05 (5), DWD 301.07 (5) (d), DWD

**301.06 (10), ak DWD 301.09 (6) (e) epi, dapre nouvo nimewo a, am. (20) rive (23), cr. (25), (26) Rejis N° 817 mwa Janvye 2024, apati 1ye-2-24.**

**DWD 301.02 Done.** Ministè a dwe soumèt done ak enfòmasyon ki gen rapò ak Lwa seksyon 103.90 jiska 103.97 yo, epi chapit sa a nan konsèy travay imigran dapre demann espesifik konsèy la epi yo te soumèt li bay konsèy la nan yon rapò nan mwa Janvye.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268, Avril 1978 la te anvigè apati 1-5-78; modifikasyon nan Ind 201.01, Rejis N° 446 Fevriye 1993, tapati 1-3-93.

**DWD 301.03 Fòmillè.** Ministè a dwe bay epi mete tout fòmilè nesesè ki gen rapò ak chapit sa a disponib.

**Remak:** Ou ja jwenn tout fòmilè ki gen rapò ak chapit sa a ke ministè a bay yo nan <https://dwd.wisconsin.gov/jobservice/MSFW/forms.htm> oswa nan Ministè pou Developman Mendèv la, Pwogram pou Travayè Agrikòl Imigran yo ansam ak Travayè Tanporè yo, Sèvis Anplwa yo ki nan Awondisman Dane, 1819 Aberg Avenue, Ste. C, Madison, WI 53704. Adrès Kourye: MSFW@dwd.wisconsin.gov.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268 Avril 1978, apati 1-5-78 ; nan Rejis N° 446, Ind 201.03 modifikasyon Fevriye 1993, apati 1-3-93; am. Rejis, Desam 1997, N° 504, apati 1-1-98; CR 07-018: am. Rejis N° 624, Desam 2007, apati 1-1-08; CR 23-030: r. ak recr. Rejis N° 817, Janvye 2024 apati 1ye-2-24.

**DWD 301.04 Privasite moun ki pote plent lan.** Ministè a pa gendwa devwale non moun ki vin pote plent nan depatman an dapre Lwa seksyon 103.905 (4) yo, si moun nan mande pou ministè pa devwale non li.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268 Avril 1978, apati 1-5-78; modifie nan Rejis N° 446 Ind 201.04 nan mwa Fevriye 1993, apati 1-3-93; CR 23-030: r. ak recr. (tit), r. (1) modifikasyon, (2) jiska DWD 301.04 ak am. Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1ye-2-24.

**DWD 301.05 Antreprenè mendèv imigran yo. (1)** SÉTIKIKA ENSKRIPSYON. (a) Chak ane yon moun dwe fè demann pou depatman an remèt oswa renouvre yon sétifika enskripsyon pou l patisipe nan aktivite yo antanke yon antrprene mendèv migran nan yon fòmilè ke ministè a etabli oswa nan fòmilè ki gen rapò ak 29 USC 1811(a) ke yo itilize a. Tarif pou yo remèt oswa renouvre sétifika enskripsyon an dwe koute \$100.

**Remak:** Lwa seksyon 103.91 (1) yo, entèdi yon moun patisipe nan aktivite yo antanke yon antrprene mendèv imigran sof si ministè an bay moun nan yon sétifika enskripsyon nan. Seksyon 103.91 (3), egzije pou yo renoule yon sétifika a chak ane.

(b) Ministè a dwe eggzamine epi pran yon desizyon anrapò ak demann yon moun fè dapre paragraf (a) nan 20 jou ouvrab apre yo fin resevwa demann nan. Ministè a ka pwolonge peryòd tan pou l pran yon desizyon pou l detèmine si Lwa seksyon 103.91 (4) (b), (c), oswa (d) yo, aplikab nan ka pa moun nan.

**Remak:** Lwa, seksyon 103.91 (4) (b), (c), ak (d) yo, endike kèk sikontans ki ka fè yo refize, sispann, anile, oswa pa renouvre yon sétifika enskripsyon pou patisipe nan aktivite yo antanke yon antrprene mendèv imigran si gen reta naan si pò alimanté timoun yo oswa Fanmi an, enpo oswa kotizasyon pou asirans chomaj.

(c) Si ministè a refize bay yon moun sétifika enskripsyon pou l patisipe nan aktivite antrprene mendèv imigran yo oswa si l sispann, anile, oswa refize renouvre sétifika enskripsyon yon moun pou l patisipe nan aktivite antrprene mendèv imigran yo, nan lespas 20 jou apre dat refi, sispansyon, oswa revokasyon an, moun nan ka prezante yon demann alekri pou l jwenn yon odyans dapre seksyon DWD 301.135 lan. Demann lan dwe presize rezon revizyon an ak reparasyon demann nan.

(8) DEVWA. Chak antrprene mendèv imigran dwe fè tout bagay ki vin apre yo:

(a) Prezante yon demann apa pou yon kat idantifikasiyon anplwa yoye antrprene mendèv imigran nan yon fòmilè ke ministè a etabli oswa nan fòmilè ki gen rapò ak 29 USC 1811 (b) ke yo itilize pou chak ofisyè, direktè, assosye, oswa ajan anbochaj mendèv imigran pandan demann nan oswa nan 10 jou apre anbochaj la oswa apre yo fin fè kontra ak moun sa a.

(am) Bay ministè a yon kopi nan sétifika enskripsyon antrprene mendèv imigran antanke yon antreprenè mendèv agrikòl ke yo bay dapre 29 USC 1811 (a) ak sétifika enskripsyon yo bay tout moun ke antreprenè mendèv la anboche, anpLwa yoye, oswa itilize pou fè aktivite kontra mendèv agrikòl yo.

(b) Konsève dosye ki montre tout bagay ki apre yo pou chak travayè ke yo rekrite:

1. Non konplè ak adrès kay.
2. Tout frè ak lòt konsiderasyon ke yo peye antrprene mendèv imigran an akoz travay oswa rekritman travayè a.
3. Pri a pou antrprene mendèv imigran an sou byen ak sèvis yo bay travayè a.
4. Tout sòm ak objektif tout sòm yo resevwa nan men oswa nan non travayè a.

(bm) Konsève dosye yo presize nan paragraf (b) a pou yon peryòd 3 zan epi mete yo disponib pou travayè a oswa nan ministè a pou enspeksyon si yo fè demann nan.

(c) Bay yon regleman anba Lwa seksyon 103.91 (8) (f) yo, limit ki gen rapò ak chak veyikil dwe koute \$100,000 pou chak chèz nan veyikil la, men nan okenn ka asirans total la pa dwe depase \$5,000,000 pou kèlkeswa machin nan. Nan objektif paragraf sa a, kantite chèz ki nan veyikil la se kapasite nominal fabrikan an oswa, pou machin ke yo ekipe oswa pèsonalize apre yo fin fabrike yo, kantite chèz ke 29 CFR 500.105 (b) (3) (vi) (D) etabli yo. Yo p ap aplike aagraf sa a inikman si antrprene mendèv imigran an bay transpò antake ajan yon patwon ki te resevwa yon kontra asirans kont responsablité pou domaj ki vin bay nan operasyon veyikil ak motè a ak pwoteksyon ki ekivalan ak pwoteksyon obligatwa anba paragraf sa a.

(d) Bay yon Fòmilè Rapò Enspeksyon Mekanik Veyikil la ke WH-514 ranpli pou chak machin ke yo itilize pou transpòte moun oswa wpwyote ki gen lyen ak aktivite yo antanke yon antrprene mendèv imigran.

**Remak:** Fòmilè WH-514 la disponib pou Ministè Travay Etazini yo nan <https://www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/wh514.pdf>.

(e) Bay chak travayè ki anboche yon kontra travay alekri jan sa endike nan seksyon 103.90 jiska 103.97, Lwa yo, ak chapit sa a. Si rekritman yon travayè te fèt nan telefòn, antrprene mendèv imigran an dwe bay kontra travay la alekri san pèdi tan.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268 Avril 1978, apati 1-5-78 ; cr. (9), Rejis N° 363 Mas 1986, apati 1-4-86; modifikasyon Rejis N° 446, Ind 201.05, Fevriye 1993, apati 1-3-93; am. (2), (8) (a), (c) ak (d), Rejis N° 504, Desam 1997, apati 1-1-98; CR 07-018: am. (1) ak (8) (a), Rejis N° 624, Desam 2007, apati 1ye-1-08; CR 23-030: cr. (1) (tit), cons. (1) ak (2) epi modifikasyon jiska (1) (a) ak am., cr (1) (b), (c), r. (3), modifikasyon (4), (5), (6) jiska DWD 301.015 (11), (21), (9) ak am., r. (7), cr. (8) (tit), am. (8) (entwidoksyon), (a), cr. (8) (am), modifikasyon (8) (b) jiska (8) (b) (entwidoksyon) ak (bm) ak am., am. (8) (c) jiska (e), r. (9) Rejis N° 817 Janvye 2024, apati 1ye-2-24.

**DWD 301.06 Kontra travay ak enfòmasyon alekri.** (1) Yo ka itilize yon sèl kontra travay pou yon fanmi sèlman si tout fonksyon ak kondisyon travay yo gen menm sans pou tout manm fanmi k ap travay yo.

(1e) Yon kontra travay ak yon deklarasyon alekri nan enfòmasyon rekritman an dwe gen tout bagay ki vin apre yo:

**Remak:** Lwa seksyon 103.915 (1) yo, egzije pou yo bay travayè imigran an yon deklarasyon kontra alekri ki gen enfòmasyon ke yo egzije nan yon kontra travay nan moman y ap anboche travayè a.

(a) Yon deskripsiyon sou enstalasyon pou kwit manje, benyen, fè lesiv ak twalèt.

(b) Yon deklarasyon sou kantite maksimòm moun ki dwe rete nan lojman an nan bagay ki vin apre yo:

1. Si kontra travay la se pou anpLwa yoye yon sèl moun, yo dwe bay moun nan sektè kote pou l dòmi an.

2. Si kontra travay la se pou anplwa yon fanmi, yo dwe bay fanmi an imite lojman kote pou fanmi an loje a.

(c) Pozisyon ki gen rapò ak plantasyon, kiltivasyon, elvaj, rekòk, manipile, seche, anbalaj, elaborasyon, pwosesis, konjelasyon, klasman, oswa estoke kèleswa pwodui agrikòl oswa otikòl aleta bri.

(d) Se travayè a ki dwe peye depans pou transpò a, si gen transpò.

(e) Si patwon an bay travayè a transpò, li dwe presize mòd transpò a, kalite veyikil yo itilize a ladann tou.

(f) Si patwon an fè yon rediksyon pewòl pou yon vwayaj alavans oswa sibzistans, pousantaj rediksyon an.

(3) Si yon patwon pa sèvi ak fòmilè kontra mendèv imigran ke ministè a etabli a, patwon an dwe itilize yon fòmilè ministè a apwouye. Yon patwon gen posibilité pou l pa sèvi sèvi a yon fòmilè sof si minister a te gen tan apwouye l anvan yo te itilize l. Lè ministè a ap egzamine fòmilè yon patwon pou l apwouye l, ministè a dwe, anplis kondisyon Lwa seksyon 103.915 (4) yo., pran an konsiderasyon tranparans ak konsepsyon fòmilè sa a.

(3m) Li posib pou yon patwon pwopoze bay yon travayè imigran yon kontra travay nan yon fòmilè sou fòm elektwonik jan sa endike nan Lwa seksyon 137.15 yo. Si travayè imigran an pa dakò pou l resevwa kontra travay la sou fòm elektwonik, patwon an dwe bay imigran yon kopi kontra tarvay fizik. Nan premye jou travay la, yon patwon dwe bay tout travayè imigran yo yon kopi nan kontra tarvay yo fizik, menm sila yo ki te aksepte pou yo resevwa kontra a sou fòm elektwonik yo ladann tou.

(8) (a) Garanti travay minimòm nan Lwa seksyon 103.915 (4) (b) yo, dwe kouvri peryòd ki nan dat patwon an fè travayè a konnen pou l prezante nan travay la, dat la dwe gen rapò ki rezonab ak dat kòmansman apwoksimatif ke yo endike nan kontra travay la oswa dat ke travayè a rapòte l nan travay la, nan dat ki pi ta a, epi l ap kontinye jiska dat final yo mete fen nan travay la, jan sa endike nan kontra travay la, oswa pi bonè si yo revoke travayè a pou yon rezon ki valab oswa akòz kèk sikontans deplorab ki depase limit kontwòl patwon an. Si yon patwon envite yon travayè pou l prezante l nan travay la oswa si li travay anvan dat kòmansman apwoksimatif ke yo endike nan kontra travay la, peryòd travay la ak garanti minimòm travay la ap kòmanse nan dat yo fè travayè a konnen pou l prezante l nan travay la oswa dat travayè a rapòte l nan travay la, nan dat ki pi ta a, epi li dwe kontinye jiskaske travay la fini, jan sa endike nan kontra travay la, ke travayè a te siyen nan moman anbochaj la, oswa pi bonè si yo revoke travayè a pou yon rezon ki valab oswa akòz kèk sikontans deplorab ki depase limit kontwòl patwon an.

(b) Anrapò ak paragraf (a) a, yo dwe egzamine yon dat "nan yon sans rezonab ki gen rapò ak dat kòmansman apwoksimatif ke yo endike nan kontra travay la" si kantite jou ant dat patwon an te fè travayè a konnen pou l prezante l nan travay la ak dat kòmansman apwoksimatif ke yo endike nan kontra travay la dapre Lwa seksyon 103.915 (4) (b) yo, pa siperye 15% kantite tan ki genyen ant dat kòmansman apwoksimatif ke yo endike nan kontra travay la ak dat final travay jan sa endike nan kontra travay la oswa 10 jou, pou pi piti.

(c) Anrapò ak paragraf (a), Lwa seksyon 103.915 (4) (b) ak (5) yo, pou detèmine si yon entèripsyón operasyon yo gen pou wè ak sikontans deplorab ki depase limit kontwòl patwon an, depatman an dwe egzamine sikontans ki te pwovoke entèripsyón operasyon patwon an, sa gen ladan pèt nan rekòt yo, pèt oswa enkapasite pou opere enstalasyon yo, oswa enkapasite pou estoke oswa trete pwodwi agrikòl k ap gate ki pa ka vann yo,

epi ministè a ka pa anvizaje kanje ekipman oswa ant anbalaj oswa rekòt yo. Epitou minister a dwe anvizaje dire entèripsyón operasyon patwon an anrapò ak dire anpLwa yo ke yo endike nan kontra travay la dapre Lwa seksyon 103.915 (4) (a) yo.

(d) Si patwon an mande yon travayè imigran pou l eLwa yoye dapre seksyon DWD 301.075 (2) (d), yo konsidere ke travayè imigran an disponib pou l travay anrapò ak Lwa seksyon 103.915 (4) (b) yo, pandan peryòd izolman obligatwa a.

(11) Anrapò ak Lwa seksyon 103.915 (5) yo, yo dwe kalkie trajè peryòd tan ki pase yo sou baz 500 mil nan pakou yo chak jou.

(12) Si y ap peye travayè a pa moso, to salè aplikab la gen ladan kontra travay la ki se pousantaj pwogram garanti patwon an. Si pandan anbochaj la patwon an pa ka prevwa to egzak ke l dwe peye travayè a, kontra travay la dwe presize yon to debaz ki pa dwe mwens pase to debaz patwon an te konn peye nan fen sezón anvan an pou kalite travay ke yo endike, ansamn ak mo yo "oswa plis" oswa fraz ki menm jan an.

(13) Si to salè ki aplikab yo dwe peye a gen ladann yon dispozisyon pou bonis, kontra travay la dwe endike avèk transparans anba ki kondisyon yo dwe peye oswa pèdi bonis la. Yon kontra travay pa ka etabli ke yon travayè imigran dwe kontinye travay "jiskaske rekòt la fini" antanke yon kondisyon pou l resevwa yon bonis. Yon bonis ka etabli kondisyon pou yon travayè kontinye travay jiska 7 jou apre dat fen apwoksimatif. Ki nan kontra travay la.

(14) Si yon patwon itilize plizyè fòmilè ki gem plizyè fèy yo epi li siyen kontra a an premye, li posib pou kontra travay la pa prevwa ke patwon an ka anile li si, nan yon dat espesifik, patwon an oswa ajan yo deziyen an pa te resevwa yon kopi nan kontra travay la ki siyen konplètman, men se sèlman si yo etabli dispozisyon an nan yon fason vizib ki ka konpare ak rès kontra travay enprime a.

(15) Patwon an ka bay kontra travay la ak yon dat revokasyon si travayè a pa fè patwon an oswa ajan yo deziyen an konnen nan yon peryòd rekonfirmasyon pa mwens pase 15 jou nan entansyon pou kontinye aksepte travay la, men se sèlman si yo etabli dispozisyon an nan yon fason vizib ki ka konpare ak rès kontra travay enprime a. Yo ka fè notifikasyon rekonfirmasyon an pa mwayen apèl nan telefòn ki peye, nan yon katpòstal prepeye ke patwon an bay, oswa tout lòt mwayen ke patwon an peye.

**Dosye:** Kreyasyon cr. (13), apati 30-3-78; Rejis N° 268, Avril 1978, apati 1-5-78; kreyasyon cr. (12) ak (13), apati 21-2-79; cr. (12) ak (13), Rejis N° 281, Me 1979, apati 1-6-79; cr. (14) jiska (16), Rejis N° 363, Mas, 1986, apati 1-4-86; modifikasiyon nan Ind 201.06, Rejis N° 446, Fevriye 1993, apati 1-3-93; am. (5) ak (12) (b), Rejis N° 504, Desannm, 1997, apati 1-1-98; CR 07-018: am. (2), (3) ak (13), cr. (2m) Rejis N° 624, Desannm 2007, apati 1-1-08; CR 23-030: am. (tit), cr. (1e), modifikasiyon (2), (2m), jiska DWD 301.015 (10), (20) ak am., cons. (3) ak (4) ak modifikasiyon jiska (3), cr. (3m), r. (5) jiska (7), modifikasiyon (8) jiska (8) (a) ak am., cr. (8) (b), (d), modifikasiyon (9) jiska (8) (c) ak am., modifikasiyon (10) jiska DWD 301.015 (23) ak am., am. (11), modifikasiyon (12) (a) jiska (12) ak am., r. (12) (b), am. (14), (15), r. (16) Rejis N° 817 Janvye 2024, apati 1ye-2-24.

**DWD 301.07 Kan travay pou imigran yo.** (1) SÈTIKIFIKA. (a) Tarif demann yon sètifikasi chak ane pou ekspLwa yote yon kan travay imigran dwe koute \$100. Resevwa yon sètifikasi pou ekspLwa yote yon kan travay imigran depann sou kan travay imigran ki respekte prensip minimòm ki nan chapit sa a.

**Remak:** Seksyon 103.92 (1), Lwa yo, egzije pou chak moun k ap jere yon kan travay imigran nan eta sa a fè demann yon sètifikasi pou l ekspLwa yote kan travay imigran an epi li mande pou demann nan fèt chak ane anvan 30 avril oswa 30 jou anvan yo ouvri yon nouvo kan travay imigran. Ak kèk eksepsyon seksyon 103.92 (3), Lwa yo, egzije pou ministè a bay yon sètifikasi si kan travay imigran an respekte prensip ministè a ki tabli regleman minimòm pou kan travay migran yo. Epitou

seksyon 103.92 (3), Lwa yo, prevwa ke yon sètifica ke ministè a bay otorize yon kan travay imigran fonksyon jiska 31 Mas lane pwochen.

(ag) Yon operatè kan dwe mete nan yon demann sètifica pou 1 opere yon kan travay imigran tout bagay ki vin apre yo:

1. Dokiman depatman ponpye a bay pwoteksyon kont dife pou kan travay imigran yo ke estrikti yo itilize pou kan travay migran yo respekte tout kòd sou prevansyon dife yo kit lokal kit nasyonal pou kantite moun k ap tann pou yo idantifye demann nan. Dokiman an dwe baze sou yon enspeksyon dife ki fèt ki te reyalize plis pase 6 mwa anvan yo fè demann yon sètifica pou opere nan yon kan travay imigran.

2. Rezulta tès yo pou ekantiyon dlo yo mande yo anba soubdivizyon (9) (ar).

3. Pwosedi alekri pou izòlman tanporè moun ki malad la oswa ki blese yo egzije anba seksyon DWD 301.075 (2) (c).

(ar) Ministè a dwe egzamine epi pran yon desizyon sou yon demann sètifica pou opere nan yon kan travay imigran nan 140 jou ouvrab apre yo fin resevwa demann nan oswa nan lespas 20 jou ouvrab apre dènye enspeksyon nan kan travay imigran ki nesesè pou bay sètifica a, dapre premye evantalite a. Ministè a dwe pwogramme chak enspeksyon san pèdi tan, li dwe pran an konsiderasyon kondisyon sezon yo ak pwogram patwon an pou l itilize kan travay imigran an. Si yo fè 3 oswa plis vizit enspeksyon pou yo bay sètifica a, ministè a ap mande yon tarif \$300 adisyonèl pou twazyèm enspeksyon an epi \$500 pou katriyèm enspeksyon an ak tout enspeksyon ki vin apre yo.

**Remak:** Seksyon 103.92 (3), Lwa yo, egzije pou ministè a enspekte chak kan travay imigran ke yo fè demann yon sètifica pou opere yon kan travay imigran.

(aw) Eksepte pou refi yon sètifica pou opere nan yon kan travay imigran ke yo mande sa dapre seksyon 103.92 (6), (7), oswa (8), Lwa yo, ke yon kandida ki swete konteste refi ministè a nan yon sètifica ka, depoze yon demann alekri pou yon odyans dapre seksyon DWD 301.135 nan lespas 30 jou apre dat refi a.

**Remak:** Seksyon 103.92 (6), (7), ak (8), Lwa yo, endike kondisyon ki fè ministè a refize yon sètifica si gen reta nan sipò alimantè timoun yo oswa Fanmi an, enpo oswa kotizasyon pou aspirans chomaj epi y ap egzamine refi sa yo jan sa endike nan Lwa yo se yo.

(b) Yon operatè kan dwe prezante yon demann apa pou yon sètifica pou 1 opere yon kan travay migran pou chak kan travay imigran ke operatè kan an ap jere. Pou detèmine si kèk enslalasyon gen 2 oswa plis kan travay imigran apa, ministè a dwe konsidere distans ki separe inite lojman yo epi si wi ou non gen enslalasyon yo pataje pou moun ki abite nan inite lojman yo.

(c) Li posib pou ministè a pa reyalize okenn enspeksyon pou yon kandida ki fè demann dapre soubseksyon sa a jiskaske yo fin peye tarif demann nan epi ministè a resevwa demann nan konplè.

(d) Ministè a dwe touche yon tarif \$100 pou chak enspeksyon pasyèl yo egzije. Yon enspeksyon pasyèl se pa yon vizit enspeksyon adisyonèl dapre paragraf (ar).

(e) Lè yo rann yon vizit nan yon kan travay imigran ki gen kòm objektif pou yo pran yon ekantiyon dlo pou fè tès se pa yon vizit enspeksyon adisyonèl dapre paragraf (ar).

(f) Si yon vizit enspeksyon adisyonèl gen objektif pou yo wè si yo te fè koreksyon yo te presize a, ministè a ka pito aksepte lèt, kourye elektwonik, foto, resi, oswa lòt dokiman nan men operatè kan an ki t ale verifye si yo te fè koreksyon yo.

(g) Yo dwe afiche yon kopi nan sètifica operatè kan an pou 1 opere yon kan travay imigran nan yon kote ki byen vizib nan kan travay imigran an. Yo dwe fòmilè pou yo afiche nan yon fòmilè ke ministè a bay epi li dwe nan lang anglè ak nan lang moun yo pale yo si yo pa anglè.

(1m) AVI REVOKASYON. Si ministè a detèmine ke yon kan travay imigran ap fonksyon san sètifica pou yo opere yon kan

travay imigran oswa li dekouvre lòt vyolasyon ki fèt nan seksyon sa a oswa seksyon 103.92, Lwa yo, ki ta jistifie anilasyon yon sètifica, ministè a dwe bay yon avi sou vyolasyon an dapre seksyon 103.965 (1), Lwa yo, epi bay yon delè jiska 15 jou pou korije vyolasyon an. Si vyolasyon an pa korije, ministè a dwe bay yon avi sou revokasyon sètifica a pou ekspLwa yote yon kan travay imigran. Avi revokasyon an dwe akonpaye ak yon lòd pou fèmen kan an.

**Remak:** Seksyon 103.92 (4), Lwa yo, pèmèt sèlman kan travay imigran ki gen sètifica yo opere nan eta sa a epi li egzije pou ministè a bay lòd pou fèmen tout lòt kan travay imigran yo imedyatman.

(2) LÒD FÈMTI A. Nan 3 jou ouvrab apati dat yon lòd pou fèmen yon kan travay imigran, ministè a dwe transmèt dosye a ak yon kopi nan otorizasyon an bay pwokirè jeneral la oswa pwokirè distri pou komin kote vyolasyon an te fèt la pou pousswit jidisyè.

**Remak:** Seksyon 103.92 (4), Lwa yo, otorize pwokirè jeneral la oswa avoka distri a fè respekte lòd fèmti ministè pase a.

(4) PÒTAY AK BARYÈ YO. Tout kloti alantou yon kan travay imigran dwe gen youn oswa plizyè pòtay oswa baryè ki pa fèmen epi ki gen yon lajè ki pa enferyè ak lajè total ki nesesè pou moun sòti yo dapre kòd konstrikssyon komèsal Wisconsin nan pou yon bilding gen menm kantite moun ak kan travay imigran an.

(6) PLAN AK DEVI. (ag) Nan soubseksyon sa a:

1. "Adisyon" siyifi konstrikssyon ki fèt nan yon bilding ki ogmante dimansyon ekstерьe bilding nan.

2. "Kanjman" siyifi yon amelyorasyon, vin nouvo oswa yon kanjman oswa yon gwo modifikasyon yo fè nan yon bilding ki pa yon adisyon oswa reparasyon naibilding nan oswa nan sistèm elektrik yo, plonbri, chofaj, vantilasyon, èkondisyone ak lòt sistèm nan bilding nan.

3. "Nouvo konstriksyon" gen ladan yon adisyon oswa yon kanjman ki fèt nan yon bilding ki deja egziste.

4. "Reparasyon" vle di aksyon oswa pwosesis pou restore vrè kalite orijinal la, sa gen ladan redekorasyon, repentire, reparasyon ki pa gen estrikti, oswa antretyen, oswa ranplase akseswa yo, sistèm oswa ekipman ki deja egziste yo ak aparèy ekivalan, sistèm oswa ekipman.

(ar) Sof nan ka yo prevwa nan paragraf (b), plan ak devi tout nouvo konstriksyon ke yo gen entansyon itilize antanke lojman oswa ministè a dwe apwouve enslalasyon òdinè yo itilize yo anvan yo fè kontra yo oswa kòmanse travay yo.

(b) Si nouvo konstrikssyon an pwovoke youn nan bilding sa yo, operatè kan an pa oblige soumèt plan ak devi yo dapre paragraf (ar) si operatè kan an depoze yon avi sou entansyon pou konsti yon bilding konsa nan ministè a anvan yo konsti yon bilding konsa:

1. Bilding ki gen yon sèl etaj pou itilize antanke lojman pa dwe gen plis pase 2 fanmi.

2. Bilding ke yo itilize yo pa dwe gen plis pase 8 moun ki se manm fanmi diferan.

3. Enstalasyon ki la pou itilizasyon òdinè ki gen mwens pase 25,000 pye kib volim total, ki pa gen limyè nan etaj la oswa twati ki siperyè ak 30 pye epi ki pa gen plis pase 2 etaj.

**Remak:** Epito li posib pou plan ak devi tout nouvo konstriksyon yo mande apwobasyon Depatman Sekirite ak Sèvis Pwofesyonèl yo, yon minisipalite, oswa yon inite gouvenman lokal dapre kòd konstrikssyon komèsal Wisconsin nan. Pou jwenn plis enfòmasyon, pran kontak ak Depatman Sekirite ak Sèvis Pwofesyonèl yo, Divizyon nan egzamen plan Sèvis Endisriyèl yo, 4822 Madison Yards Way, Madison, Wisconsin 53705.

(c) Li nesesè pou gen yon kopi nan plan ak devi yo pou jwenn apwobasyon ministè a dapre paragraf (ar). Plan yo dwe gen ladan yo tout bagay sa yo:

1. Yon plan teren kan travay imigran ki gen ladan 1 anplasman ak nivo lari yo, riyèl yo, bòn teren yo, ak tout lòt bilingki sou menm teren oswa pwopyete a.

2. Non pwopyetè kan travay imigran yo.

3. Entansyon oswa itilizasyon tout chanm yo prevwa ak kantite moun ki dwe rete ladan yo.

(f) Pwopyetè kan travay imigran yo oswa operatè kan an dwe konsève yon seri plan ki apwouye epi l ap mete l disponib pou yon enspektè travay imigran nan depatman an.

(7) VARYASYON. (a) Nan yon demann alekri ke yon operatè kan epi aprè enspeksyon ke yon enspektè travay imigran nan depatman an fè, ministè a ka bay yon operatè kan yon pèmisyon alekri endividiyèl pou modifye yon fason tanporè kèk dispozisyon presi nan seksyon sa a. Ministè a gendwa apwouye yon varyasyon dapre paragraf sa a ki pa depase 31 Mas nan ane a imedyatman apre ane apwobasyon an si operatè kan an endike limit divèjans nan demann nan epi li montre ministè a ke divèjans lan nesesè pou tout moun nan objektif ki vin apre yo:

1. Jwenn yon itilizasyon ki bay avantaj nan yon enstalasyon ki déjà egziste.

2. Anpeche yon posib difikilte oswa difikilte ki pa nesesè.

(b) Nan yon demann alekri ke yon operatè kan epi aprè enspeksyon ke yon enspektè travay imigran nan depatman an fè, ministè a ka bay yon operatè kan yon pèmisyon alekri endividiyèl pou modifye yon fason pèmanan kèk dispozisyon nan seksyon sa a si l aplike tout bagay ki vin apre yo:

1. Operatè kan an demontre ministè a ke divèjans lan nesesè pou objektif ki presize nan paragraf la (a) 1. ak 2. a.

2. Yo te pran kèk mezi diferan ki apwopriye pou pwoteje sante ak sekirite moun yo epi reponn ak objektif dispozisyon ki egzije divèjans yo.

(c) Yon divèjans p ap efikas si ministè a pa bay otorizasyon alekri.

(8) TEREN LOJMAN YO. (a) Yo dwe fè bonjan drenaj sou teren lojman yo epi pa dwe gen kote ki paralize dlo a.

(b) Yo pa dwe soumet lojman an ni toupre kondisyon ki kreye oswa ki gen anpil chans pou kreye oswa atire ensèk ni kote ki gen bri, trafik, oswa kèlkeswa kondisyon danjere menm jan an.

(bm) Sektè prensipal kan an, kote yo prepare pou sèvi manje ak kote pou moun dòmi yo dwe nan yon distans omwen 500 pye parapò ak tout zòn kote yo gade bèt yo.

(c) Teren ki sitiye nan zòn lojman yo pa dwe gen debri, plant danjere, tankou zèb ki gen pwazon ak move zèb san kontwòl oswa bwòs.

(d) Yon teren lojman dwe gen yon espas pou rekreyasyon ki rezonab ki gen rapò ak gwosè etablisman an ak kalite lokasyon an.

(e) Pa gen okenn inite kay mobil ki sitiye nan yon distans ki mwens pase 10 pye lòt biling, depi nan limit lokal kote inite kay mobil la ye a, oswa nan kèlkeswa lari a.

(f) 1. Pou operatè a asire 1 ke teren lojman pa nan yon kondisyon danjere ke pestisid la pwodui lè y ap flite 1, operatè kan an dwe fè tout bagay ki vin apre yo:

a. Fè yon demann alekri sou avi alavans pou flite pestisid ayeryen an nan men moun ki posede oswa kontwole teren ki toupre yo imedyatman, dapre seksyon ATCP 29.51 (2). Lefètke li resevwa avi ke yo pral flite pestisid pa vwa ayeryen, operatè kan an dwe bay moun yo avi a san pèdi tan.

b. Bay moun yo avètisman davans pou omwen 24 èdtan sou kèlkeswa aplikasyon pestisid sou nenpòt teren ki toupre kan an ki se pwopyete oswa ki anba kontwòl operatè kan an. Si yo chanje

dat oswa lè demann nan nan sans ke demann fêt anvan oswa apre dat oswa lè yo prevwa ke yo endike nan avi orijinal demann nan, yo dwe pase yon nouvo avi pi vit posib anvan aplikasyon an. Nan soubdivizyon sa a, "teren ki touprea" vle di tè ki nan yon distans 250 pye parapò ak sektè kote lojman an ye a, tankou tè ki separe ak kan travay imigran yo pa mwayen yon wout.

3. Yo dwe pase avi nan soubdivizyon 1. nan lang anglè ak nan lang natif natal moun yo, si yo pa anglè, lè yo afiche yon deklarasyon alekri sou table afichaj kan an oswa nan kote moun yo prezante yo nan travay la, yon kote ki ka fasil pou moun yo wè l. Avi a dwe gen ladan tout bagay sa yo:

a. Dat ak lè yo estime pou fè demann nan.

b. Andwa kote yo prevwa pou flite pestisid la.

c. Non komèsyal oswa non abityèl pestisid la.

d. Gen yon deklarasyon nan etikèt pestisid sou tretman pratik kont efè segondè potansyèl yo, li gen ladan mezi ijans pou premye swen ak enfòmasyon pou doktè yo sou tretman pwazon an.

(9) REZÈVWA DLO. (ag) Kèlkeswa kan travay migran yo fè kredi antanke yon sistèm dlo piblik nan chapit NR 809 dwe respekte chapit NR 809 la anplis kondisyon ki nan seksyon sa a.

(ar) Yo dwe mete yon rezèvwa dlo apwoprye epi ki pratik pou moun bwè, jan sa endike nan seksyon NR 809.04 la (42m). Anrapò ak seksyon sa a, yo konsidere ke dlo a pwòp pou moun bwè si yo mete an pratik tout dispozisyon ki vin apre yo:

1. Yon laboratwa ki jwenn kredi nan chapit NR 149 oswa ajans pwoteksyon anviwònan Etazini apwouye te dekovri nan yon echantyon dlo kolifòm negatif nan twa mwa anvan dat kote yo te dwe mete kan an.

2. Yo te nalize echantyon dlo ki nan soubdivizyon 1. nan laboratwa yo endike nan subdivizyon 1. an pou konsantrasyon azòt epi yo te jwenn yon nivo azòt total ki pa depase nivo maksimòm kontaminan key o endike nan NR 809.11 (2). Si nivo maksimòm kontaminasyon an siperyè, ministè a ka bay yon sètifica pou eksplwate kan travay imigran yo sèlman si operatè kan an demontre ministè a ke li respekte tout kondisyon ki nan seksyon NR 809.11 (3) (a) jiska (e) yo.

(d) Yo pa dwe mete distribitimè dlo nan chanm ki gen twalèt yo.

(f) Operatè kan yo dwe fè aranjman pou yon laboratwa ki gen sètifica analize pi dlo yo dapre seksyon NR 809.76 la nan lespas 3 mwa anvan moun vin rete nan kan an.

(g) Operatè kan yo dwe bay ministè a rapò sou konstviksyon pi dlo yo egzije yo dapre seksyon NR 812.10 (11).

(10) JETE EKSKREMAN AK DECHÈ LIKID YO. (a) Yo dwe mete epi konsève kote pou jete ekskreman ak dechè likid yo nan enstalasyon yo yon fason ki pa ni kreye danje oswa ki pa ni kapab kreye nwuizans pou sante moun yo.

(b) Yo pa dwe jete dechè likid ki kri oswa dechè key o trete ni yo pa dwe kite yo sanble yo atè a nan kan travay imigran yo.

(c) Si rezo touegou piblik yo pa disponib, tout enstalasyon pou jete ekskreman ak dechè likid yo dwe konekte ladan yo.

(d) Si touegou piblik yo pa disponib, yo dwe bay yon touseptik anba tè, yon sistèm enfiltrasyon oswa lòt kalite tretman ak sistèm pou jete dechè likid yo.

(11) LOJMAN. (a) Lojman an dwe satisfè tout kòd biling rezidansyèl ak komèsyal lokal federal, eta ak lokal yo, tankou kòd biling komèsyal Wisconsin bab, ak tout bagay ki vin apre yo:

2. Sòti ak mwayen pou chape yo gen rapò ak soubdivizyon (21) (b) jiska (e) ak (f).

3. Antretyen enstalasyon yo gen pou rapò ak soubdivizyon (22).
- (b) Lojman yo dwe gen planche ki fèt ak materyèl rijd, konplè ki swa, fasil pou netwaye, epi ki sitye yon fason pou anpeche l souse dlo anba tè a ak dlo sipéfisi yo.
- (c) Yo dwe respekte tout kondisyon ki nan espas sa yo:
1. Chak chanm yo itilize pou dòmi dwe gen omwen 50 pye kare espas pou chak moun.
  2. Nan yon chanm kote travayè yo fè manje, rete, ak kote yo dòmi yo dwe gen yon minimòm de 100 pye kare pou chak moun.
- (cm) Se linikman yon sèl fanmi ki ka rete nan yon inite lojman pou yon sèl fanmi, sof si ministè a apwouve sa. Yon fanmi selibatè ka gen ladann paran yo ak pitit ki pa marye, granparan, pitit ki marye men ki poukонт yo, ak fanmi ki gen minè sou responsabilite yo. Ministè a ka pèmèt lòt moun pataje yon inite lojman ak yon fanmi ki poukонт li, lè yo konsidere faktè sa yo:
1. Respè pou entegrite fanmi imigran yo.
  2. Privasite lokatè yo.
  3. Gou manm fanmi yo.
  4. Relasyon lokatè yo.
  5. Gwosè inite a.
  6. Enkyetid nan kad sante ak pwoteksyon.
  7. Jistifikasyon patwon an.
8. Respekte lwa 106.50 ki nan chapit sa a ak lòt lwa ki aplikab yo.
- (d) Lojman ke yo itilize pou yon fanmi ki gen youn oswa plis timoun ki gen plis pase 6 zan dwe gen yon chanm oswa yon sektè separe pou paran yo dòmi. Separasyon an dwe fèt ak materyèl rijd epi ki enstale yon fason pou yo gen yon konfidansyalite rezonab.
- (e) Nan chanm pou dòmi ki separe yo, yon operatè kan dwe mete disponib sou demann rido oswa separasyon pou pèmèt yon konfidansyalite rezonab ant inite endividyle pou moun dòmi yo. Yo dwe konsidre yon kabann ki gen etaj antanke yon inite endividyle pou dòmi.
- (f) Yo dwe bay tout manm nan chak sèks oswa pou chak fanmi yon chanm apa pou yo dòmi.
- (fm) Y ap elaji separasyon pami inite abri ki genyen pou plizyè fanmi yo soti nan etaj la rive nan plafon abri a.
- (g) Dwe gen aranjman adekwa epi ki separe pou chak moun oswa fanmi pann rad yo epi mete bagay pèsonèl.
- (h) Zòn etaj nan chak inite lojman dwe gen yon wotè plafon 7 pye minimòm.
- (i) Chak chanm abitab dwe gen omwen yon fenèt oswa limyè nan fetay la ki ouvè dirèkteman pa deyò pót yo ki respekte tout bagay ki vin apre yo:
1. Sifas minimòm total nan fenèt yo oswa limyè ki nan fetay chak chanm, tankou fenèt nan ki pót yo, dwe egal omwen 10 pouzan nan sifas planche key o ka itilize.
  2. Sipèfisi total nan fenèt ke yo ouvè yo dwe egal pou pi piti 45 pouzan total minimòm sipèfisi fenèt oswa limyè fetay ki nesesè anba soubdivizyon 1 an.
- (12) GRIYAJ. (a) Yo dwe enstale sou fenèt ak pót yo itilize pou vantilasyon yo gri ki genyen pou pi piti 16 may. Paragraf sa a pa aplikab pou pót nan biling ki klimatize ak ékondisyone.
- (b) Tout pót moskitè yo dwe byen ajiste, nan bon eta, epi yo dwe ekipe ak dispozitif pou yo fèmen yon fason otomatik.
- (13) CHOFAJ. (a) Tout lojman ak biling sèvis yo dwe gen ekipman chofaj ki enstale yon fason pèmanan epi k ap fonksyon ki kapab konsève yon tanperati omwen 68 degré Farenay.
- (c) Yo dwe enstale yon recho oswa yon lòt sous chalè ki sèvi ak gaz ki ka pran dife epi yo dwe ayere l yon fason pou anpeche dife ak yon konsantrasyon gaz ki danjere epi yo dwe respekte kòd konstrikson komèsyal Wisconsin nan.
- (e) Si yo itilize yon recho gaz solid oswa likid nan yon chanm ki gen planchet an bwa oswa lòt konbisitib, recho a dwe chita sou yon plak ki fèt an beton, fèy tòl izole, oswa lòt materyèl ki rezistan ak dife, ki elaji omwen 24 pouz pi lwen pase perimèt baz recho a.
- (f) Tout mi oswa plafon ki nan 24 pouz yon recho solid oswa likid oswa yon tiyo recho dwe fèt ak materyèl ki rezistan ak dife.
- (g) Yo dwe enstale yon kolye metalik ki vantile annamoni ak esplikasyon fabrikan an alantou yon tiyo nan recho a, oswa vantilasyon ki pase nan yon miray, plafon, planche, oswa do kay la.
- (h) Yon sistèm chofaj ka gen kontwòl otomatik sèlman si kontwòl yo enstale dapre esplikasyon fabrikan an epi kontwòl yo koupe rezèv gaz la si gen fay oswa entèripsyon nan flanm dife a oswa entèriptè a, oswa chak fwa tanperati sekirite predetèmine a oswa presyon depase.
- (14) ELEKTRISITE AK EKLERAJ. (a) Yo enstale sèvis elektrik nan tout sektè lojman yo.
- (b) Tout chanm abitab yo, chanm pou tout sèvi, chanm ki gen twalèt, ak lòt zòn, tankou sal lesiv, koulwa, ak eskalye, dwe gen bonjan akseswa ekleraj pou plafon oswa miray.
- (d) Yo dwe mete bonjan ekleraj nan lakou yo, ak chemen ki mennen nan enstalasyon abilityèl yo.
- (e) Tout fil elektrik ak akseswa ekleraj yo dwe enstale epi konsève nan yon kondisyon ki an sekirite epi yo dwe respekte dispozisyon ki nan chapit SPS 316 yo.
- (f) Itilizasyon enstalasyon abilityèl yo dwe gen yon entèriptè limyè nan pòt antre a.
- (g) Itilizasyon ekleraj abilityèl ki nan enstalasyon yo pa dwe genyen mwens pase 10 pye bouji 30 pouz pa anlè etaj la.
- (h) Pasaj publik yo, eskalye yo, ak pòt sòti yo dwe eklike dapre konstrikson komèsyal Wisconsin nan.
- (15) TWALÉT YO. (a) Tout chanm ki gen enstalasyon sanitè yo dwe ranpli kondisyon kòd konstrikson komèsyal Wisconsin nan, sof si gen privilèj ki pa pèmèt sa.
- (c) Yo dwe enstale kote pou moun fè pipi dapre kalite yo apwouve nan twalèt yo deziyen pou 10 gason oswa plis an mwayèn youn pou chak 40 gason oswa yon fraksyon ladan yo.
- Remak: Yo modifie paragrap (c) a apati 1ye-1-2028 ak CR 23-030 pou li:
- (c) Yo dwe enstale kote pou moun fè pipi yo dapre esplikasyon fabrikan an nan enstalasyon twalèt pou 10 gason oswa plis itilize an mwayèn youn pou chak 25 gason oswa yon fraksyon ladan yo.
- (d) Eksepte nan inite fanmi endividyle yo, yo dwe enstale twalèt pou gason ak fanm yo apa epi tout bagay ki vin apre yo aplikab:
1. Twalèt pou gason ak fanm ki nan menm biling yo dwe separe ak yon miray solid depi nan planche a rive sou do kay la oswa plafon an.
  2. Twalèt yo dwe make byen klè "gason" ak "fanm" nan lang anglè ak nan lang orijinal moun yo ki rete lojman an oswa yo dwe mete foto oswa senbòl moun yo ka konprann fasil.
- (e) Lè gen enstalasyon sanitè pou tout moun sèvi, yo dwe mete yon rezèv ki adekwa ak papye ijenik aksesib ki gen sipò.
- (f) Tout enstalasyon twalèt òdinè yo dwe byen eklike, yo dwe gen vantilasyon epi yo dwe pwòp epi ijenik.
- (g) Chèz twalèt yo dwe fèt ak materyèl ki enpèmeyab oswa yo dwe byen pentire oswa vèni yo.

(h) Tout lojman ak biling sèvis yo dwe gen enstalasyon twalèt ki nan yon distans 200 pye distans parapò ak chak inite lojman.

(16) KOTE POU BENYEN, FÈ LESIV AK LAVE MEN. (a) Yo dwe enstale nan enstalasyon yo kote pou moun benyen epi lave men yo ak bonjan dlo cho ak dlo fret ki gen presyon epi yo dwe disponib pou tout moun sèvi.

(b) Enstalasyon pou moun benyen ak lave men yo dwe pwòp epi ijenik, yo dwe lokalize nan yon distans 200 pye parapò ak chak inite lojman.

(c) Dwe gen yon pouasantaj douch minimòm jan sa tabli nan chapit SPS 361 ak 362 a.

**Remak:** Yo modifiye paragraf (c) a apati 1ye-1-2028 ak CR 23-030 pou li:

(c) Dwe gen yon pouasantaj yon douch minimòm pou chak 8 moun nan yon kan travay imigran.

(d) Douch yo dwe nan yon distans omwen 3 pye apa ak yon minimòm 9 pye kare espas parapò ak planche a pou chak douch oswa yo dwe mete yo nan yon kabin douch ki gen 30-pous ki disponib nan yon sans komésyal ki gen yon andwa omwen 6.25 pye kare.

(e) Yo dwe fè planche douch yo ak materyèl ki pa absòbe dlo, ki pa glise epi ki dwe gen pant ki koule nan sifon planche yo konsti a kòrèkteman.

(f) Si yo fè enstalasyon douch òdinè yo pou tou de sèks yo nan menm biling nan, enstalasyon yo dwe separe ak yon miray solid opak epi ki pa absòbe dlo ki pwolonje depi nan planche a rive nan plafon an oswa do kay la, epi nan sans ki klè yo dwe ekri "gason" oswa "fanm" nan lang anglè ak nan lang oriinal moun ki rete lojman an oswa yo dwe mete foto oswa senbòl moun yo ka konpranné fasil.

(g) Yo dwe bay espas ki sèk chanm pou moun abiye kòrèkteman nan enstalasyon douch moun yo itilize yo.

(h) Sof nan inite fanmi endividyle yo ke yo dwe enstale douch apa pou chak sèks.

(i) Yo dwe fèmen tout douch pou fanm yo tankou yon kabin ki apa.

(j) Chak kabin douch dwe konplete ak yon kabin ki gen chanm pou moun abiye endividyleman.

(k) Yo dwe rapòtè twalèt oswa inite ekivalan nan yon rapòtè jan sa endike nan chapit SPS 362.

(L) Yo dwe entale machin pou lave yon fason mekanik oswa otomatik ki gen dlo cho ak dlo frèt sifizan ki gen presyon pou tout moun sèvi an mwayèn youn pou chak 20 moun.

(p) Yo dwe mete omwen yon plato pou fè lesiv, basen, oswa lavabo nan chak chanm ki gen ladan yon machin pou lave.

(r) Yo dwe bay sechwa pou tout moun itilize an mwayèn youn pou chak 20 moun.

(17) KOTE POU YO KWIT NOURITI EPI CHITA MANJE. (a) Si travayè yo oswa fanmi yo travayè yo gen pèmisyón oswa yo oblige kwit manje nan inite endividyle yo, yo dwe mete yon espas ki prepare pou kwit manje epi chita manje. Yo dwe mete tout bagay sa yo nan espas la:

1. Yon recho ki gen yon fou.  
2. Etajè depo manje ki apwopye ak yon kontwa pou moun prepare manje.

3m. Yon frijidè ki konsève jiska 40 degré Farenay oswa enferyè epi yon frizè ki rete nan zewo degré Farenay oswa enferyè.

4. Yon tab ak chèz oswa aranjman ekivalan pou moun chita epi manje ki koresponn ak kapasite inite a.

5. Bonjan ekleraj ak vantilasyon.

6. Yon lavabo adekwa ki gen dlo cho ak dlo frèt ki gen presyon.

7. Planche ki konpoze ak materyèl ki pa absòbe dlo epi ki fasil pou netwaye.

(b) Si travayè yo oswa fanmi yo gen pèmisyón oswa oblige kwit manje epi chita manje nan yon etablisman abilityèl, yo dwe fè yon chanm oswa yon biling ki separe chanm pou dòmi yo ak kote pou yo kwit manje ak chita manje a. Yo dwe mete tout bagay ki vin apre yo nan chanm oswa biling nan:

1. Recho ki gen yon fou an mwayèn yon recho pou 10 moun oswa yon recho pou 2 fanmi.

2. Etajè depo manje ki apwopye ak yon kontwa pou moun prepare manje.

3m. Yon frijidè ki konsève jiska 40 degré Farenay oswa enferyè epi yon frizè ki rete nan zewo degré Farenay oswa enferyè.

4. Tab ak chèz oswa bonjan syèj ekivalan pou itilizasyon yo prevwa nan etablisman an.

5. Lavabo adekwa ki gen dlo cho ak dlo frèt ki gen presyon.

6. Bonjan ekleraj ak vantilasyon.

7. Planche ki konpoze ak materyèl ki pa absòbe dlo epi ki fasil pou netwaye.

(c) Si yo enstale gwo salamanje santral la, kwizin nan ak salamanje yo dwe pwoposyonal ak kapasite lojman an epi yo dwe separe ak chanm pou moun dòmi yo.

(d) Enstalasyon salamanje santral ke opere pa oswa pou operatè kan an dwe respekte tout bagay ki vin apre yo:

1. Kwizin lan ak salamanje a dwe separe ak chanm pou moun dòmi yo ak chanm twalèt.

2. Yo pa dwe itilize kwizin oswa salamanje a pou dòmi.

3. Tablo ki nan kwizin ak salamanje ak chèz oswa ban yo dwe fèt yon fason ki fasil pou netwaye.

4. Tab oswa kouvèti tab yo dwe lis epi yo pa dwe gen fant ladan yo.

5. Asyèt ak istansil yo dwe fèt ak materyèl ki pa ka tache, yo pa dwe gen fant epi ki fasil pou netwaye.

6. Yo dwe mete vesò pou kwit manje yo sou etajè oswa akwoche nan omwen 12 pous anwo planche a.

7. Yo dwe bale kwizin nan ak salamanje a chak jou.

**Remak:** Ministè a rekòmande pou yo itilize yon pwodui pou bale pou mete pousyè tè a.

8. Yo dwe lave kwizin nan ak salamanje a ak savon cho oswa detèjan ki apwopye omwen yon fwa pa semèn.

**Remak:** Nan sezon lapli, ministè a rekòmande pou yo lave yo pi souvan pase yon fwa pa semèn.

9. Yo dwe lave salamanje yo ak savon oswa detèjan ki apwopye ak dlo apre chak repa.

10. Yo dwe mete enstalasyon pou lave men yo nan kwizin yo epi yo dwe gen dlo cho ak dlo frèt ki gen presyon ladan yo, savon ak sèvèt endividyle pou pèsonèl kizin yo itilize sèlman.

11. Kwizinye yo ak tout moun k ap manipile manje yo dwe pwòp epi yo dwe mete rad pwòp sou yo.

12. Yo dwe enstale yon lavabo ki gen espas sifizan pou bay dlo cho ak dlo frèt ki gen presyon pou lave asyèt ak istansil kwizin yo.

13. Yo dwe byen foubi tout asyèt ak istansil yo epi yo dwe lave yo epi chode yo oswa dezenfekte yo.

14. Yo dwe seche tout asyèt yo ak istansil yo ak lè.

15. Tout lèt yo itilize yo dwe swa pasterize, evapore oswa an poud.

16. Yo dwe konsève nouriti ki ka gate yo, pa egzanp vyann, lèt, bè, ze, ak salad yo nan frijidè ki pa depase 40 degré Farenay.

17. Frijidè yo dwe byen lave ak dlo cho ak savon oswa detèjan ki apwopye omwen yon fwa pa semèn.

18. Yo dwe mete nouriti ki pa ka gate yo nan resipyen ki pwòp epi antivèmin ki pi wo pase planche a.

19. Sifas mi ki toupre zòn pou kwit manje yo dwe fèt ak materyo ki reziste dife epi li dwe respekte kòd konstwiksyon komèsyal Wisconsin nan.

(18) FATRA AK LÒT DECHÈ. (a) Yo dwe bay resipyen ki dirab, ki fèmen kont mouch, kont vèmin, epi ki pwòp, ki nan bon kondisyon epi ki ka kenbe yon minimòm 20 galon toupre chak infinite lojman pou jete fatra ak lòt dechè.

(b) Yo dwe bay resipyen ke yo egzije nan paragraf (a) yo, minimòm 1 pou chak 10 moun epi yo dwe vide yo lè yo plen, men pa mwens pase de fwa pa semèn.

(d) Yo dwe jete fatra ak lòt dechè yo dapre lwa leta yo ak lwa lokal yo.

(19) KONTWÒL ENSÈK AK VÈMIN. Lojman ak enstalasyon yo pa dwe gen ensèk, rat ak lòt vèmin ladan yo.

(20) CHANM POU DÒMI YO. (a) Yo dwe bay chak moun yon channm pou yo dòmi.

(b) Chanm pou dòmi yo dwe gen kabann oswa kabann etaj ki konfòtab, epi yo dwe mete matla pwòp ki kouvri ak yon materyèl ki dezenfekte, ki enpèmeyab.

(bm) Chanm pou dòmi yo dwe gen yon espas omwen 36 pou yon fason lateral epi bout pou bout epi yo dwe nan yon nivo omwen 12 pou yon planche a.

(c) Tout dra operatè kan an bay yo dwe pwòp epi dezenfekte.

(d) Chanm pou dòmi yo pa gendwa gen kabann twa etaj ladan yo.

(dm) Platfòm siperyè kabann etaj yo dwe gen ladan yo ba pwoteksyon ki respekte 16 CFR 1213.3 (a).

(e) Espas lib ki nan pati siperyè matla a enferyè ak yon kabann etaj epi pati enferyè platfòm siperyè a dwe gen yon minimòm 27 pou.

(f) Distans depi pati siperyè matla a rive nan plafon an dwe gen yon minimòm 36 pou.

(g) Chanm pou dòmi yo pa dwe gen kabann yo itilize pou doubl kolokasyon sof si se lojman familial yo ye.

(21) DIFE, PWOTEKSYON, AK PREMYE SEKOU. (a) Yo dwe konstwi epi konsève tout biling yo dapre lwa leta oswa lokal sou sekirite kont dife ki aplikab yo.

(b) Kèlkeswa lojman familyal ak infinite lojman pou mwens pase 10 moun ki nan yon etaj konstwiksyon dwe gen 2 fason pou yo chape.

(c) Yo egzije inikman yon sèl fason pou chape dapre paragraf (b) a, se kapab yon fenèt ki gen aksè facil ak espas pa enferyè ak 24 pou yon 24 pou ki ka louvri.

(d) Tout channm pou dòmi ki fèt pou 10 moun itilize oswa plis, salamanje santral ak sal asanble ódinè yo dwe gen omwen 2 pòt ki separe yon fason adistans pou bay lòt mwayen pou soti deyò oswa ale nan yon koulwa enteryè.

(e) Chanm pou dòmi ak channm pou itilizasyon ódinè ki nan dezyèm etaj yo oswa pi wo a dwe respekte kòd sou konstwiksyon ak kòd leta ak lokal yo kont dife yo ki gen rapò ak lojman ki gen plizyè etaj yo ak tout bagay ki vin apre yo:

1. Nan biling ki gen de etaj yo, yo ka enstale yon sovtaj dife klas "A" modifye ki fèt ak bwa antanke yon dezyèm sòti pou sèlman 8 moun.

2. Sovtaj kont dife yo ak konektè li yo dwe kapab sipòte 100 liv pou chak pye kare epi yo dwe tache ak biling nan ak

boulon ki gen omwen sèt wityèm pou dyamèt ak boulon ak wondèl ki gen omwen 4 pou dyamèt.

(em) 1. Sof sa ki endike nan soubdivizyon 3., yon operatè kan dwe enstale detektè lafimen pòtab ke laboratwa ki gen lisans nan tout kote sa yo apwouye:

a. Eksepte nan kwizin nan, 6 pye nan papòt chak zòn pou dòmi nan chak infinite lojman.

b. Nan sousòl chak infinite lojman.

c. Nan tèt kèlkeswa eskalye ki nan chak etaj nan chak infinite lojman.

2. Yo dwe chak detektè lafimen pòtab yo egzije nan soubdivizyon 1. nan nivo 3 pou epi ki pa plis pase 12 pou yon plafon an, sof si yon operatè kan ka swiv rekòmandasyon yon fabrikan sou enstalasyon yon detektè lafimen an patikilye nan yon kote diferan si operatè kan an bay enspektè mendèv imigran ministè a prèv rekòmandasyon enstalasyon fabrikan an nan moman enspeksyon kan an.

3. Paragraf sa a pa aplikab pou biling ki gen detektè lafimen fil elektrik pèmanan ke yon elektrisyen pwofesyonèl enstale nan moman konstriksyon an.

(f) Yo dwe mete ekleraj ak pano pou sòti dapre kòd konstwiksyon komèsyal Wisconsin nan.

(g) Yo dwe bay ekipman pou etenn dife nan yon kote ki gen aksè facil ki pa plis pase 100 pye nan chak infinite lojman.

(h) Ekipman pou etenn dife dwe bay yon pwoteksyon ki egal ak yon ekstenktè dlo menm jan ak yon ponp ki pran 2.5 galon dlo ki gen presyon oswa 5 galon.

(i) Yo dwe mete enstalasyon premye swen ki gen omwen tout bagay ki anapre yo an mwayen youn pou chak 50 moun epi yo dwe facil pou yo itilize yo tou tan:

1. Sèz pansman adezif.

2. De mèt edmi tep adezif.

3. Dis aplikasyon antibiotik.

4. Dis aplikasyon antiseptik.

5. Yon pwoteksyon respiratwa.

6. Yon pansman pou boule.

7. Dis tretman pou boule.

8. Yon konprès frèt.

9. De pwotekstè je ak kit aksesa.

10. Yon ons likid lave popyè je.

11. Sis dezenfektan pou men.

12. De pè gan pou egzamen medikal.

13. Yon bandaj roulo 2 pou sou 4 mèt.

14. Yon bandaj roulo 4 pou sou 4 mèt.

15. Yon pè sizo.

16. De sèvyèt esteril.

17. De kousinen pou chòk.

18. Yon bandaj ki gen fòm triyang.

19. Dis mask pou figi.

(L) Yo pa dwe mete okenn likid oswa materyèl ki ka pran dife oswa ki volatil nan oswa toupre channm yo fè aktivite yo, sof si sa nesesè pou itilizasyon domestik ki kouran.

(m) Yo pa dwe mete pestisid agrikòl ak pwodui chimik toksik yo nan zòn lojman an.

(22) RESPONSABILITE OPERATÈ KAN YO AK LOKATÈ YO. (a) Yon operatè oswa yon ajan kan gendwa tabli règ rezonab ki gen rapò ak responsabilite lokatè yo konsènan lokasyon ak swen kan travay imigran yo. Yo dwe afiche yon kopi nan tout règ sa yo nan kan travay imigran yo kote moun yo ka wè yo facil epi yo dwe

bay lokatè yo li ansanm ak kontra travay la. Tout règ sa yo dwe ekri nan lang anglè ak lang original moun yo si yo pa pale anglè.

(b) Yon operatè oswa yon ajan kan dwe fè tout bagay sa yo:

1. Fè lokatè yo konnen yon fason ki klè responsablite yo dapre règ ki tablì nan paragrap (a) a.

2. Omwen yon fwa pa semèn enspekte zòn kan travay migran yo, estrikti, twalèt, douch, ak lòt enstalasyon yo pou yo asire yo ke yo kenbe chak bagay nan kondisyon ki pwòp, òganize epi repare pwopente ki kase oswa ki domaje yo san pèdi tan.

3. Deziyen yon anplwaye oswa lòt moun pou kenbe lakou yo ak enstalasyon yo itilize ansanm yo nan yon kondisyon ki pwòp epi òganize omwen chak jou, eksepte si nan kan travay kote imigran yo rete a gen 100 moun oswa plis, operatè kan an dwe bay yon moun apltenant oswa ekivalan a pou fè tout devwa yo egzije nan soubdivizyon sa a pandan peryòd kan travay migran yo okipe a.

4. Deziyen yon anplwaye oswa yon lòt moun ki responsab pou ranpli kondisyon paragrap sa a epi afiche non anplwaye a oswa non lòt moun nan ak kopi sekson sa a ke yo mete nan soubdivizyon (24) la.

(c) Chak lokatè dwe fè tout bagay sa yo:

1. Sèvi ak enstalasyon sanitè ak lòt kalite yo mete nan kan travay migran yo.

2. Kenbe nan yon fason pwòp epi òganize pati nan kan travay migran yo ak enstalasyon ke lokatè yo rete a oswa itilize.

3. Responsab pou pwòpte inite lojman kote yo plase lokatè a ak teren ki toupre yo.

4. Mete fatra ak lòt dechè yo nan resipyen yo bay pou fatra ak lòt dechè yo.

(23) ENSPEKSYON. (a) Tout kan travay migran yo tankou inite lojman endividye yo, dwe louvri pou rezantant ministè a enspekte yo nan tout moman sa yo:

1. Pwogram travay nòmal lajounen yo pou envestigasyon dosye patwon yo.

2. Ant lè solèy la leve ak lè solèy la kouche pou fè envestigasyon nan tout lòt bagay yo.

(b) Yon enspektè travay migran nan ministè a dwe anonse operatè kan an prezans enspektè a oswa yon grammoun mamm nan fanmi an ki pwòch ak operatè a oswa moun yo deziyen antanke responsab dapre ak sekson sa a ak kèlkeswa moun ki konsène a anvan yo fè yon enspeksyon.

(24) AFICHAJ REGLEMAN YO. Yo dwe afiche yon kopi nan sekson sa a ke ministè a prepare nan lang anglè, ak nan lang orijinal moun yo si yo pa anglè nan kan travay migran yo oswa kote moun yo prezante yo nan travay la, yon konte ki fasil pou moun yo wè l. Kopi a dwe bay detay sou ki kote yo ka jwenn kopi nan regleman ki nan sekson sa a.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268 Avril 1978, apati 1-5-78; ijans am. (11) (c) apati 5-1-79; Rejis N° 281 Me 1979, apati 1-6-79; am. (9) (a) ak cr. (1) (cm) ak (cn) Rejis N° 305 Me 1981, apati 1ye-6-81; cr. (8) (f), Rejis N° 322, Oktob 1982, apati 1-11-82; koreksyon ki fèt nan (4), (6) (e), (11) (a) 1., (13) (c), (14) (h), (15) (a) ak (m), (16) (o), (17) (a) 6. ak (d) 19. ak (21) (f) nan Lwa 13.93 (2m) (b) 7. ak 14., Rejis N° 358, Oktòb 1985; am. (1), Rejis N° 363 Mas 1986, apati 1-4-86; modifie nan Rejis Ind 201.07, ak am. (7), (9) (a) 2.a. ak b., (b), (10) (d), (11) (c) (entwodiksyon), (h), (i) (entwodiksyon), (13) (a), (14) (e), (15) (a) rive (c) (entwodiksyon), (f), (g), (m) (16) (L) (o) rive (q) (17) (a) 6. ak (21) r. (11) (bm), (cm), (en), (gm), (13) (b), (d), (14) (c), (15) (c) 1., (i) jiska (L), (16) (m) ak (n), Rejis N° 446, Fevriye 1993, apati 1-3-93, koreksyon ki fèt nan sekson 13.93 (2m) (b) 5. ak 7 yo., Rejis N° 476 Out 1995; modifikasyon (1) pou vin toumen (1) (a) ak am., cr. (1) (b) jiska (f), (9) (e) ak am. (16) (p), (20) (c), (21) (k) 1. ak 2. Rejis N° 504, Desann 1997, apati 1-1-98; koreksyon ki fèt nan (14) (e) dapre Lwa 13.93 (2m) (b) 7 yo., Rejis N° 504, Desann 1997, CR 07-018: r. (9) (b), (15) (b) ak (c) 2.. cr. (11) (cm) ak (21) (em), am. (13) (a), r. ak recr. (16) (c) ak (k) Rejis N° 624, Desann 2007, apati 1-1-08; koreksyon ki fèt nan (4), (6) (e), (11) (a) 1., (13) (c), (14) (h), (15) (a) ak (21) (f) nan Lwa 13.93 (2m) (b) 7 yo., Rejis N° 624, Desann 2007, koreksyon ki fèt nan (4), (6) (e), (11) (a) 1., (13) (c), (14) (e) ak (h), (15) (a), (16) (c) ak (k), (17) (d) 19., (21) (f) dapre Lwa

13.92 (4) (b) 7 yo., Rejis N° 673, Janvye 2012; **CR 23-030:** r. ak recr. (1) (tit), modifikasyon (1) (a) jiska (1) (a) ak (ar) ak am., cr. (1) (ag), (aw), am. (1) (c) jiska (f), cr. (1) (g), am. (2), modifikasyon (3) a (1m) ak am., am. (4), r. (5) (tit), modifikasyon (5) (a), (b), (c), (d) jiska DWD 301.015 (3), (4), (19), (22) epi, sepandan yo modife. am. (4), (22), modifikasyon (6) (a) jiska (6) (ar) ak am., cr. (6) (ag), am. (6) (b) (entwodiksyon), 2., 3., cons. (6) (c) ak (d) ak modifikasyon jiska (6) (c) ak am., r. (6) (e), am. (6) (f), (7) (a) jiska (c), cr. (8) (bm), am. (8) (c) a (e), modifikasyon (8) (f) 1., 2., 3., (9) (a) (entwodiksyon), 1. jiska (8) (f) 1. (entwodiksyon) ak a., b., 3. (entwodiksyon), (9) (ar) (entwodiksyon), 1. ak am., r. (9) (a) 2. a., b., cr. (9) (ag), r. (9) (c), am. (9) (d), r. (9) (e), cr. (9) (f), (g), am. (10) (a), (b), modifikasyon (11) (a) jiska (11) (a) (entwodiksyon) ak am., r. (11) (a) 1., r. ak recr. (11) (a) 2., am. (11) (a) 3., (b), (c) (entwodiksyon), (d), (e), modifikasyon (11) (f) 1. to (11) (fm), am. (11) (i), (12), (13) (a), (c), (g), (h), (14) (b), (d), (h), (15) (a), (c), modifikasyon (15) (d) jiska (15) (d) (entwodiksyon) ak am., am. (15) (d) 1., 2., (e), (f), (h), r. (15) (m), am. (16) (a) jiska (d), (h), (i) pou (k), cons. (16) (L) ak (o) ak modifikasyon jiska (16) (L) ak am., am. (16) (p), r. (16) (q) cr. (16) (r), am. (17) (a) (entwodiksyon), 1., r. (17) (a) 3. cr. (17) (a) 3m., am. (17) (a) 4., cr. (17) (a) 7., am. (17) (b) (entwodiksyon), r. (17) (b) 3., cr. (17) (b) 3m., am. (17) (b) 7., (d) (entwodiksyon) 1., 7., 8., 16., 19., am. (18) (a), cons. (18) (b) ak (c) ak modifikasyon (18) (b) ak am., am. (18) (d), cr. (20) (bm), (dm), am. (20) (e), (21) (tit), (b), (c), (e), (em) 1. (entwodiksyon), a., 2., r. (21) (em) 4., am. (21) (f), (h), modifikasyon (21) (i) jiska (21) (i) (entwodiksyon) ak am., cr. (21) (i) 1. jiska 19., r. (21) (j), (k), am. (22) (a), (b), (c) (entwodiksyon), 1., 2., 4., modifikasyon (23) (a) jiska (23) (a) (entwodiksyon) ak am., cr. (23) (a) 1., 2., am. (23) (b), (24). Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1-2-24, sof am. (15) (c), (16) (c) ki anyigè 1-1-28; koreksyon ki fèt nan (6) (ag) 4. fèt nan Lwa 35.17 yo., Rejis N° 817, Janvye 2024.

DWD 301.075 Prevansyon ak kontwòl maladi ak doulè. (1) Operatè kan yo, patwon yo, ak antreprenè mendèv imigran yo dwe respekte Lwa 252.05 (3) yo, donk, lè yo idantifye ka yon travayè migran oswa si yo sisplèk ka yon maladi kontajye, drese yon rapò bay yon fonksyonè medikal lokal dapre egzijans sekson DHS 145.04 (3).

**Remak:** Esplikasyon sou kondisyon pou rapòte maladi kontajye nan sekson DHS 145.04 (3) disponib nan <https://www.dhs.wisconsin.gov/disease/reporting.htm>.

(2) Yon operatè kan dwe fè tout bagay ki vin apre yo:

(a) Fè yon fonksyonè medikal lokal konnen ke gen yon travayè migran yo sisplèk ki entoksike nan manje oswa yon karaktè etranj nan yon kan travay migran yo sou maladi ki lakoz lafyèv, dyare, gòj fè mal, vomisman, lajònisis, touse san rete, pèdi pwa, nen k ap koule dlo, iritasyon nan je., doulè nan kò, fatig, tèt fè mal, oswa pwoblèm respiratif se yon sentòm empotan.

(b) Entèdi tout moun ki gen yon maladi kontajye prepare, kwit, sèvi, oswa manipile manje, pwodui alimantè, oswa materyèl ki nan kwizin yo oswa salamanje ke yo itilize ki gen rapò ak yon kan travay migran oswa moun yo itilize regilyèman.

(c) Bay pwosedi yo alekri pou izole yon fason tanporè moun ki malad oswa ki blese yo, pa egzanpwosedi pou gen garanti, lè sa nesesè, lè espas disponib pou izolasyon tanporè a, tankou chann nan otèl, motèl, oswa lojman pou touris ki gen lisans dapre sekson ATCP 72.04 la.

(d) Izole yon fason ki adekwa kèlkeswa moun yo sisplèk ki gen yon maladi kontajye dapre kantite tan otorite sante piblik yo rekòmande.

**Dosye:** CR 23-030: cr. Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1-2-24.

DWD 301.08 Salè. (1) Dapre Lwa 103.93 (1) (a), peman salè pa mwayan chèk oswa resi, sa gen ladann peman ak depo dirèk. Chèk oswa resi yo dwe fèt anba otorizasyon travayè ke y ap peye a.

**Remak:** Lwa, sekson 103.93 (1) (a), egzije pou yo peye ak dola Ameriken oswa pa mwayan chèk oswa resi.

(2) Dapre Lwa 103.93 (1) (b), "revokasyon peryòd yo te anplwaye travayè a" gen ladann revokasyon bò kote kèlkeswa youn nan pati yo pou kèlkeswa rezon.

**Remak:** Lwa, sekson 103.93 (1) (b), an jeneral egzije pou chak patwon peye tout salè yo dwe kèlkeswa travayè migran yo nan 3 jou nan fen peryòd travay

travayè a te anplwaye a. Lwa, seksyon 103.915 (5), tabli yon eksepsyon nan egzijans sa a.

(3) Lwa ki nan seksyon 103.93 (1) (b) a, entèdi peman pasyèl la sòf si patwon an pa an mezi pou l detémine kantite lajan li dwe yon travayè akoz yon mank konfirmasyon sou pwosedi a bò kote yon achète.

(4) Yo dwe peye tout salè adisyonèl yo dwe yon travayè nan 2 jou apre yo fin detémine salè a dapre Lwa ki nan 103.92 (1) (b) yo.

(5) (a) Chak patwon dwe bay chak travayè migran yon deklarasyon salè endividylèl pou chak peryòd peman nan moman peman an. Yon deklarasyon salè pa ka konbina enfòmasyon sou salè plizyè mamm nan yon fanmi touche. Deklarasyon salè yo dwe montre kantite salè brit ak salè nèt patwon an peye travayè a, kantite èdtan travay la, ak kantite ak motif chak rediksyon ki fèt nan salè travayè a. Yon patwon ka itilize yon sistèm kodifikasyon ki rezonab.

(b) Si yon patwon bay yon travayè imigran sou fòm elektwonik yon deklarasyon salè endividylèl dapre paragraf (a), patwon an dwe bay travayè imigran an yon kopi nan papye deklarasyon an si travayè migran an mande sa.

(6) Yo dwe endike otorizasyon pou redui oswa retire nan salè sou kantite lajan an ak rezon ki fè yo fè rediksyon an. Yon deklarasyon jeneral ke patwon an otorize pou fè rediksyon pou prè, sèvis, pèt, oswa domaj nan pwopyete a alavni pa valab.

**Dosye:** Cr. Rejis, N° 268 Avril 1978, apati 1-5-78; modifie nan Rejis N° 446 Ind 201.08 nan mwa Fevriye 1993, apati 1-3-93; cr. (7), Rejis, Desanm 1997, N° 504, apati 1-1-98; CR 07-018: am. (5) Rejis N° 624, Desanm 2007, apati 1-1-08; CR 23-030: am. (1) a (3), modifikasiyon (5) a (5) (a) ak am., cr. (5) (b), am. (6), r. (7) Rejis N° 817 Janvye 2024, apati 1-2-24.

**DWD 301.09 Prensip sou sanitasyon nan jaden yo.**  
**(1m) EKSPLWATASYON KI GEN 6 OSWA PLIS TRAVAYÈ IMIGRAN.**  
 (a) *Aplikasyon.* Soubsekson sa a aplike pou eksplwatasyon ki 6 travayè migran oswa plis k ap patisipe nan travay alamen yo.

(b) *Chanm twalèt yo.* Yo dwe mete enstalasyon sanitè yo an mwayèn youn pou chak 20 travayè k ap fè travay alamen yo, kèlkeswa sèks, epi yo dwe lokalize nan yon ka mil parapò ak kote travay chak travayè nan kan an oswa, si sa pa posib, nan aksè otomobil ki pi pre a nan espas travay la. Twalèt yo dwe gen pòt pou yo ka fèmen epi pou yo take yo pa anndan.

(c) *Chanm pou lave men yo.* Yo dwe mete enstalasyon pou moun lave men an mwayèn youn pou chak 20 travayè k ap fè travay alamen yo, kèlkeswa sèks, epi yo dwe lokalize nan yon ka mil parapò ak kote travay chak travayè nan kan an oswa, si sa pa posib, nan aksè otomobil ki pi pre a nan espas travay la.

(d) *Antretyen.* 1. Twalèt ak enstalasyon pou lave men ke yo egzije nan soubsekson sa a dwe pwòp epi ijyenik, epi enstalasyon twalèt yo dwe gen bonjan rezèv papye ijyenik.

2. Li enpòtan pou lè y ap jete dechè ki soti nan enstalasyon kote travayè k ap fè travay alamen yo ap travay la pa lakòz yon danje pou sante moun yo.

**(2m) TOUT OPERASYON YO.** (a) *Aplikasyon.* Soubsekson sa a aplikab pou eksplwatasyon kote kèlkeswa kantite travayè migran yo ap reyalize travay alamen.

(b) *Dlo potab.* 1. Yo dwe mete dlo potab pou nan yon kote ki fasil pou travayè k ap travay alamen yo jwenn pou satisfie bezwen yo. Dlo yo mete pou travayè yo dwe fre kòmsadwa. Dwe gen yon rezèv dlo disponib ak yon kantite sifizan nan kòmansman orè travay la pou bay yon ka dlo pou chak travayè chak èdtan pou yo bwè pandan tout orè a. Patwon yo ka kòmansse orè yo ak yon kantite dlo ki pi piti si gen pwosedi efikas pou retounen mete 1 pandan orè si sa nesesè pou pèmèt travayè yo bwè yon ka oswa plis dlo pa èdtan. Dlo a dwe bay moun yo dlo

nan goblè apa pou yo bwè oswa boutè dlo. Yo entèdi pou moun yo sèvi dlo nan goblè oswa louch.

2. Yo dwe kouvri, netwaye, epi ranpli resipyen yo ak dlo potab pou travayè k ap travay alamen yo chak jou oswa pi souvan dapre nesesite yo.

(c) *Opòtinite rezonab.* Yo dwe bay travayè k ap fè travay alamen kèk opòtinité rezonab pandan jounen travay la pou yo idrate yo epi pou y ale nan twalèt ak kote pou yo lave men yo.

(d) *Malady akoz chalè.* 1. ‘Siy oswa sentòm.’ a. Si yon sipèviziè obsèvè oswa kèlkeswa ki travayè rapòte kèlkeswa siy oswa sentòm maladi chalè ke yon travayè k ap nan travay alamen yo genyen, san pèdi tan patwon an dwe pran mezi ki koresponn ak gravite maladi a.

b. Patwon an dwe aplike pwosedi repons ijans yo si siy oswa sentòm yo dapre soubdivizyon 1. a. se endikasyon yon maladi chalè grav, tankou diminye nivo konsyans, transbleman, vomisman, dezoryante, konpòtman irrasyonèl, oswa boulvèsman.

c. Patwon an dwe kontwole yon travayè k ap travay travay alamen ki montre siy oswa sentòm maladi akoz chalè epi, anvan li pèmèt travayè a rete oswa retounen nan lojman travayè yo, li ba 1 premye swen oswa sèvis medikal ijans dapre prevansyon kont maladi chalè plan soubdvizyon 2 egzije yo.

2. ‘Plan prevansyon kont maladi akoz chalè yo.’ Yon patwon dwe etabli, aplike, epi konsève, yon plan prevansyon ki efikas kont maladi ke chalè a pwovoke a. Plan an dwe fè alekri nan lang anglè ak nan lang orijinal moun yo si yo pa pale anglè. Patwon an dwe mete plan an disponib nan kan travay migran yo ak, sou demann, reprezantan ministè a. Plan an dwe gen ladan pwosedi ki respekte soubdivizyon (2m) (b) ak paragraf (e) ak pwosedi repons efikas pou ijans ki prevwa nan tout bagay ki vin apre yo:

a. Bat pou gen bonjan komunikasyon oral, obsèvasyon, oswa mwayen elektwonik yon fason pou travayè k ap fè travay alamen yo ka pran kontak ak yon sipèviziè oswa sèvis medikal ijans yo lè sa nesesè. Yon aparèy elektwonik, tankou yon telefòn selilè oswa yon aparèy mesaj téks, kapab itil nan sans sa a sèlman si resepsyon ki nan zòn nan konfyab.

b. Prete atansyon ak siy yo epi sentòm posib maladi chalè a lakòz nan travayè k ap fè nan travay alamen yo, geyen yo gen ladan mezi premye swen ak pwosedi pou bay sèvis medikal ijans.

c. Kontakte sèvis medikal ijans yo epi, si sa nesesè, transpòte travayè k ap fè travay alamen yo nan yon kote ke espesyalis sèvis medikal ijans yo kapab localize yo.

d. Bat pou nan ka ijans, pou yo bay sekouris ijans yo oryantasyon ki klè epi ki egzak sou kan travay imigran yo.

**Remak:** Paragraf (d) ap anile apati 1-1-2025 pa CR 23-030.

(e) *Aksè ak lonbray.* 1. Lè tanperati ekstèryè nan yon zòn travay depase 80 degré Farenay, yon patwon dwe gen youn oswa plizyè sektè ki gen lonbraj ki swa ayere oswa ki gen vantilasyon oswa refwadisman nan tout moman pandan prezans travayè yo. Kantite lonbraj ki genyen yo dwe omwen ase pou mete alèz kantite travayè k ap repoze yo oswa pran manje deyò yo pou yo ka chita nèt nan lonbraj epi nan yon pozisyon nòmal san yo pa gen kontak fizik youn ak lòt. Yod we lokalize lonbraj la toupre posib zòn kote travayè yo ap travay.

2. Si tanperati ekstèryè nan yon zòn travay pa depase 80 degré Farenay, yon patwon dwe swa mete lonbraj ki respekte soubdivizyon 1. oswa bay yon aksè rapid ak lonbraj si yon travayè fè demann.

3. Yon patwon dwe pèmèt epi ankouraje travayè yo pran yon repo preventif pou l rafrechi kò l nan lonbraj kèlkeswa

moman lè yo santi yo bezwen fè sa pou pwoteje tèt yo kont chofaj aleksè. Si yon travayè pran yon repo preventif pou 1 refrechi kò l, tout bagay ki vin apre yo aplikab:

a. Yo dwe kontwole travayè a epi mande travayè a si 1 gen sentòm maladi akòz chalè a.

b. Yo dwe ankouraje travayè a pou 1 rete nan lonbraj la.

c. Li pa posib pou yo mande travayè a pou 1 touen travay jiskaske tout siy oswa sentòm maladi chalè a lakòz la diminye oswa jiska 5 minit apre travayè a te fin jwenn aksè ak lonbraj la, selon moman sa te fèt la.

4. Si yon travayè montre siy oswa rapòt sentòm maladi akòz chalè a pandan y ap pran yon repo preventif pou rafrechi yo dapre soubdivizyon 3., patwon an dwe bay premye swen oswa bonjan repsons ijans jan sa esplike nan plan prevansyon maladi akòz chalè ki etabli nan paragraf (d) 2.

5. Lè tanperati eksteryè nan yon zòn travay egal oswa depas 95 degré Farenay, yon patwon dwe aplike pwoesi gwo chalè ki bay tout bagay ki vin apre yo nan mezi posib:

a. Bat pou gen bonjan komunikasyon oral, obsèvasyon, oswa mwayen elektwonik yon fason pou travayè k ap fè travay ki nan travay la ka pran kontak ak yon sipèviziè lè sa nesesè. Yon aparèy elektwonik, tankou yon telefon selilè oswa yon aparèy mesaj tèks, kapab itil nan sans sa a sèlman si resespyon ki nan zòn nan konfyab.

b. Obsèv travayè yo pou detekte siy oswa sentòm kont maladi chalè a pwovoke yo.

c. Delege youn oswa plizyè travayè nan chak plas travay kòm otorizasyon pou mande sèvis medikal ijans epi pèmèt lòt travayè yo mande sèvis medikal ijans lè yo pa gen mete okenn travayè disponib pou sa.

d. Fè travayè yo sonje pou yo bwè anpil dlo diran tout moman travay la.

e. Reyinyon ki prevwa nan chanjman anvan kòmansman travay pou egzamine pwoesi gwo tanperati yo, ankouraje travayè yo bwè anpil dlo, epi fè travayè yo konnen dwa yo dapre soubdivizyon 3. pou pran yon repo preventif pou yo rafrechi yo lè sa nesesè.

**Remak:** Paragrap (e) ap anile apati 1-1-2025 pa CR 23-030.

(7) VARYASYON. (a) Nan yon demann alekri ke yon operatè kan epi aprè enspeksyon ke yon enspektè travay imigran nan departman an fè, ministè a ka bay yon varyasyon nan yon dispozisyon ki nan seksyon sa a si departman an detèmine ke demann nan prevwa yon ekivalans ki respekte entansyon dispozisyon an. Yon varyasyon pa efikas apre ministè fin aksepte li alekri.

(b) Yo etabli yon ekivalans akòz paragraf (a) grasa mezi altènatif apwopye yo te pran pou pwoteje sante ak sekirite travayè yo epi pou yo asire yo ke yo respekte objektif dispozisyon ki gen rapò ak demann nan san eksepsyon.

(c) Yon modifikasyon ke yo bay nan soubseksyon sa a ka swa tanporè oswa pèmanan. Lefètke ministè a pèmèt yon modifikasyon, li ka enpoze kondisyon espesifik pou ankouraje pwoteksyon sante, sekirite, ak byennèt travayè yo. Vyalasyon youn nan kondisyon ki fè yo pèmèt yon modifikasyon siyifi yon vyalasyon nan chapit sa a ke ministè an ka anile modifikasyon an oswa mande pou yo egzekite li dapre Lwa, seksyon 103.905 (5).

**Dosye:** Cr. Rejis N° 358, Oktòb 1985, apati 1-1-86, kreyasyon cr. (7), apati 10-2-86; r. (1) (b), modifikasyon (1) (a) pou vin touen (1), cr. (7), Rejis N° 366, Jen 1986, apati 1-7-86; modifikasyon nan Ind 201.09 ak am. (7) (a), Rejis N° 446, fevriye 1993, apati 1-3-93; koreksyon ki fèt nan (6) dapre Lwa, seksyon 13.93 (2m) (b) 1., Rejis N° 504, Desamm, 1997; CR 07-018: am. (2) (c) Rejis N° 624, Desamm 2007, apati 1-1-08; CR 23-030: r. (entwidoksyon), modifikasyon (1) a (1m) (b) ak am., cr. (1m) (tit), (a), modifikasyon (2) (tit) a (1m) (c) (tit), modifikasyon (2) (a) a (1m) (c) ak am., r. (2) (b), (c), cr. (2m) (tit), (a), cr. (2m) (d), (e), r. (2m)

(d), (e), modifikasyon (3) (tit) a (2m) (b) (tit), modifikasyon (3) jiska (2m) (b) 1. ak am., mofikasyon (4) (tit) jiska (1m) (d) (tit), modifikasyon. (4) (a), (b), (c) jiska (1m) (d) 1., (2m) (b) 2., (1m) (d) 2. ak am., r. (4) (d), modifikasyon (5) jiska (2m) (c) ak am., r. (6) (tit), modifikasyon (6) (a), (b) jiska DWD 301.015 (13), (14) ak am., r. (6) (c), (d), modifikasyon (6) (e) jiska DWD 301.015 (24), r. (6) (f), am. (7) (a) rive (c), r. (7) (d) Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1-2-24, sof (2m) (d), (e) anilasyon apati 1-1-25.

DWD 301.13 Tarif sanksyon pou enfraksyon. (1) OJEKTIF. Seksyon sa a aplikab nan enspeksyon apre okipasyon nan kan travayè migran yo ak lòt sitiyasyon kote ministè a detèmine se yon vyalasyon Lwa ki seksyon 103.90 jiska 103.97 yo, oswa chapit sa a te fin fèt. Entansyon seksyon sa a se pou konplete sistèm egzekisyon Lwa seksyon 103.97 yo ki baze sou sitasyon ke yo konn mennen nan tribal yo ak yon sistèm ki baze sou evalyasyon administratif tarif amann yo. Yon sistèm ki baze sou evalyasyon administratif tarif amann yo pèmèt ministè a konsantre l sou vyalasyon grav yo epi li baze kantite tarif la sou nivo danje ki vyolasyon an pwovoke a.

(2) ESPEDISYON. Sou rezèv ki nan soubdivizyon (3), ministè a ka enpoze yon tarif amann pou yon vyalasyon Lwa seksyon 103.90 jiska 103.97 yo, oswa pa korije chapit sa a nan yon peryòd koreksyon ke yo endike nan Lwa ki nan seksyon 103.965 (1) yo.

**Remak:** Lwa seksyon 103.965 (1) yo, prevwa ke nan piò ka yo gen yon peryòd koreksyon pou vyolasyon yo: "Eksepte sa ki prevwa nan [Lwa seksyon 103.965 (2) yo], si ministè a detèmine ke tout moun ki te vole sekson 103.90 jiska 103.97 yo, moun nan dwe gen yon tan rezonab, ki pa depase 15 jou apati jou li te reserve avu sou vyolasyon an, pou korije vyolasyon an. Si vyolasyon an korije nan peryòd sa a, li pa posib pou yo enpoze okenn amann dapre sekson 103.97 la." Lwa seksyon 103.965 (2) endike vyolasyon ki pa gen koreksyon yo.

(3) DANJE GRAV. Yo dwe evalye vyolasyon Lwa seksyon 103.90 jiska 103.97 yo, ak chapit sa a sou yon nivo echèl ki grav, mwayèn ak fèb. Yon vyolasyon ki grav anpil ka lakòz yon amann ki gen yon tarif ki pa sipèryè ak \$1,000.00. Yon vyolasyon nivo mwayèn ka lakòz yon amann ki gen yon tarif ki pa sipèryè ak \$500.00. Yon vyolasyon nivo fèb ka lakòz yon amann ki gen yon tarif ki pa sipèryè ak \$250.00.

(5) REVIZYO ADMINISTRATIF. Tout moun ki anvi konteste spedisyón tarif yon amann ki nan soubdivizyon (2) a ka prezante yon demann alekri pou gen yon odyans dapre seksyon DWD 301.135, nan lespas 30 jou apre dat spedisyón an.

**Dosye:** Cr. Rejis N° 504, Desamm, 1997, apati 1-1-98; koreksyon ki fèt nan (4) (b) 1. Dapre Lwa seksyon 13.93 (2m) (b) 7., Rejis N° 624, Desamm 2007; CR 23-030: am. (1), (2), cons. (3) (a) ak (b) epi modifikasyon (3) ak am., r. (4), r. ak recr. (5) Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1-2-24.

DWD 301.135 Odyans. (1) Yon moun dwe fè yon demann alekri pou yon odyans dapre seksyon DWD 301.05 (1) (c), 301.07 (1) (aw), oswa 301.13 (5) nan ministè a pa mwayen livrezon pèsonèl oswa pa mwayen kourye lapòs ki gen lisans nan biwo sekretè ministè a.

**Remak:** Pou livrezon pèsonèl, biwo sekretè a sitiye nan 201 East Washington Avenue, Madison, Wisconsin 53703. Pou lapòs ki gen lisans lan, adrèz postal biwo sekretè a se P.O. Box 7946, Madison, Wisconsin 53707.

(2) 10 jou apre resepsyón yon demann pou gen yon odyans, ministè a dwe deziyen yon konseye odyans pou prezide odyans lan. Konseye odyans lan dwe bay departman an ak moun ki mande odyans lan yon preavi avi rezonab sou odyans lan pa mwayen lapòs ki gen lisans lan, yon resi konfirmasyon. Avi a dwe gen ladan tout bagay sa yo:

(a) Yon lè ak yon andwa ki rezonab pou odyans lan.

(b) Yon deklarasyon sou dispozisyon ki nan chapit sa a oswa Lwa seksyon 103.90 jiska 103.97 yo, ki se baz mezi ki dwe konteste nan odyans lan.

(3) Pwoesi Lwa ki chapit 227 yo, ap aplikab pou dispozisyon demann pou odyans lan, sof si yo aplike tout bagay ki vin apre yo:

(a) Konseye odyans lan dwe resevwa, epi fè yon pati nan dosye a, prèv dokiman pati a bay epi yo aksepte nan odyans lan. Pati ki prezante prèv sou fòm dokiman an dwe bay kélkeswa pati ki nan odyans lan kopí dokiman yo si yo mande sa.

(b) Yo p ap aplike regleman teknik prèv yo nan odyans ki fèt dapre seksyon sa a, men regleman oswa prensip yo fè pou asire prezantasyon prèv ki pi kredib ki disponib yo epi pou yo prezante temwayaj yo nan yon tès pa mwayen entèwogasyon, nan yon sans rezonab lè nesesè, nan odyans lan. Konseye k ap dirije odyans lan. Konseye odyans lan ka revoke prèv ki pa enpòtan, ki pa tanjib, oswa ki repepe twòp yo.

(c) Konseye odyans lan dwe pran yon desizyon alekri nan 30 jou apre dosye odyans lan fin fèmen. Desizyon konseye odyans lan se dènye mezi ajans lan.

**Dosye:** CR 23-030: cr. Rejis N° 817, Janvye 2024, apati 1-2-24.

DWD 301.14 Afichaj dwa travayè imigran yo. Yo dwe afiche yon rezime nan dispozisyon ki nan chapit sa a nan yon kote ki byen klè nan tout kan travay imigran yo oswa kote moun yo prezante pou yo travay la nan yon kote li ka fasil pou moun wè. Yo dwe fòmilè pou yo afiche nan yon fòmilè ke ministè a bay epi li dwe nan lang anglè ak nan lang moun yo pale yo si yo pa anglè.

**Remak:** Ou ka jwenn afich obligatwa a nan <https://dwd.wisconsin.gov/jobservice/MSFW/forms.htm> oswa nan Ministè pou Developman Mendèv la, Pwogram pou Travayè Agrikòl Imigran yo ansanm ak Travayè Tanporè yo, Sèvis Anplwa yo ki nan Awondisman Dane, 1819 Aberg Avenue, Ste. C, Madison, WI 53704. Adrès Kourye: MSFW@dwd.wisconsin.gov. Pou lòt kondisyon afichaj yo, gade nan seksyon DWD 301.07 (1) (g) (lisans pou opere kan travay migran yo), 301.07 (8) (f) 3. (avi aplikasyon pestisid), 301.07 (22) (a) (règ sou lokasyon ak swen kan travay migran yo), 301.07 (22) (b) 4. (non anplwaye oswa lòt moun ki responsab pou fè respekté seksyon DWD 301.07 (22) (b)), ak 301.07 (24) (kopi nan règ ki nan seksyon DWD 301.07 yo). Dayè kondisyon afichaj pou nivo maksimòm kontaminasyon azòt yo dapre seksyon NR 809.11 (3) (b) aplikab pou yon operatè kan dapre egzijans seksyon DWD 307.07 (9) (ar) 2. pou demonstre ke yo respekté egzijans seksyon NR 809.11 (3) (a) jiska (e) yo.

**Dosye:** CR 07-018: cr. Rejis N° 624, Desanm 2007, apati 1-1-08; **CR 23-030:** am. Rejis N° 817, Janvye 2024 apati 1-2-24.